


SEFA YEMUNHU ANOFUNGA

 Maita henyu, Hama Mann. Ndaona kuti mauya neimwe hama. Ishe vakuropafadzei. “Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.” Ngatinamatei.

O Mwari, zvirokwazvo ndizvo chaizvo zviru chishuwo chemoyo wedu manheru ano, kungotenda bedzi. Sezvo taungana pano manheru ano mutabhenakeri, zuva riri kudoka kumadokero, tinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti Muchatiita kuti ticherechedze kuti zvave pedyo zvakadiniwo zvakare kuti zuva rave kudoka panguva; yave kupera. Zuva rapera. Uye tinorangarira pane imwe nguva apo zuva rakanga rapera, vafambi vaviri vakaKukumbirai kuti muuye mukati kuzogara navo. Uyezve iMi Makazvizivisa kwavari nokutsanangura Shoko reNyū uye nokuvaita kuti vaone izvo zvaifanira kutambudzikwa naKristu, zvinhu zvose izvi kutanga.

² Saka tinonamata, Mwari, sezvo zuva rave kuperesesa, kuti Muchauya mudzimba dzedu kuzogara nesu, uye nokutitsanangurira Shoko, Ishe, iro ratinobata zvine nyasha sepfuma yakabva kwaMuri, sechipo mumoyo medu. Dai tikasaRidarika; dai nguva dzose tikaRiremekedza nemoyo yedu yose.

³ TinoKutendai nokuda kwezvaMaitira avo vari muchipatara mangwanani ano, uye nezvaMaitira mukomana muduku weHama Capps anga arere, ave kuda kufa, uye zvino heunoi ari pano muungano manheru ano. TinoKutendai zvikuru, Baba, nokuda kwezvinhu zvose izvi!

⁴ Zviitei, Ishe, kuti tigoziva kuti tinoKurumbidzai sei. Tinongo...Zvinodarika kunzwisisa kwedu kuziva kuti tinoKupai rumbidzo sei. Asi, Ishe, gamuchirai moyo yedu sezviratidzo zvekutenda kwedu, kuti tinoKudai. Uye apo pati—tinoda kuita zvakanaka, tiratidzei zvokuita. Takumbira nemuZita raJesu. Ameni.

Mungagara henyu pasi.

⁵ Manheru akanaka kune kereke ino huru yakazara manheru ano nekunze munyika kune vari padzinhare. Vanoti vari pamubatanidzwa zvakare manheru ano.

Ndine tariro yokuti mudzimai wangu ari kuteerera kuno. Handina kukwanisa kumufonera, saka ndichamufonera mushure meshumiro ino.

⁶ Uye tine kagwaro pano kekuti mangwanani ano muko-... kana baba veHama Jackson vanga vari muchinhano chakaipa, zvokuti pava neshanduko yakakura kwazvo yaitika, vangangokwanisa kuuya kumba mangwana.

⁷ Mukomana muduku weHama Capps, uyo wavakandifonera pane umwe usiku, handizive kana Hama Capps vari muungano kana kuti kwete, asi, zvino mukomana wavo muduku akanga ari kurwara zvikuru.

Uye zvakangoitikawo kuti Joseph neni takanga tiri zasi kunha—nhandare yekupfura nepfuti, ndichiedza kuti kapfuti kangu katwenty-two kuti kange kakagadzirira. Ndakakuudzai mose nezvazvo svondo rapfuura. Zvino achange ari nyanzvi chaiyo pakupfura. Saka akanga achida kuva nechokwadi uye kuuya kuzoudza Gary naLarry zvaakanga aita. Zvino akanditaurira, pakudzoka. . .Ndakati, “Unofanira kumbomirapo zvino—zvino ugoudza Hama Gene Norman nezvazvo.”

Iye ndokuti, “Tomira toudza Billy kutanga,” mukoma wake.

Mushure mokunge amuratidza kupfura kwakanaka kwaakanga aita, akati, “Iye zvino chirega kundikwikwidza.” Maona?

⁸ Zvino patakanosvikapo, sezvineiwo, nhare yakarira, zvino Billy akamhanyira mukati kuti abvunze. . .Ndikati, “Inogona kunge iri yekudanira hurwere zvino.” Uye takanga tichangopinda, zvino akanga ari Hama Capps. Zvino mukomana wavo muduku akanga aine dambudziko remudumbu rakaipa kwazvo, uye angosarirwa nemukana muduku kwazvo wekuti ararame. Zvino Ishe vamupodza. Uye pane umwe usiku ndokuti akanga ari kurwara neimwe mhando yemarwadzo, Mai Wood vakanga vari kunditaurira. Zvino takanga tave kutoenda nokukasika, zvino ndakango. . .Ndakati, “Mai Wood, nguva yaperesesa zvino, ten o’clock, handitendi kuti vanondirega ndichipinda umo muchipatara.” Ndokuti, “Ndave kuenda kumba ndonongovhara mukova.” Zvino ndakaendako ndokunonamata. Zvino vanoti mukomana muduku ari muungano iwo manheru ano. Saka tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo. Uye tinotenda.

⁹ Iye zvino takangobatirira; hapana chatati tanzwa. Kana Hama Leo Mercier neHanzvadzi Mercier vari kuteerera kuno, hatisati tanzwa kubva kuna baba venyu. Tinotaririra kunzwa munguva shomanani, kuti vari kunzwa sei. Asi ndinenge ndine chokwadi chokuti vachaita zvakana, saka tiri kuvimba pane izvozvo kuna Mwari Samasimba, kuti Mwari vachachengetedza uyo murume mutana anodikanwa, akarurama, mushumiri mhare yakare yeEvhangeri.

¹⁰ Iye zvino, o, pane zvinhu zvakawanda zvinoda kuitwa, uye munguva shomanani yokuzviita, saka ngatiisei kushingaira kwedu kwese zvino pane zvatingagona kuitira Ishe wedu.

¹¹ Ndati kurumidzei kuuya. Uye nda—ndanga ndisiri kunyatsonzwa zvakana kwazvo. Ndange ndaneta, kungonyatsoneta, zvino ndarara pasi masikati ano. Handina. . .

handisati ndatombodya svusvuro yemanheru. Saka nda—ndapinda, ndokungorara masakati ose. Ndanzwa kuipirwa, saka ndokurara ipapo. Zvino ndokubva ndatanga kunamata, uye ndanzwa zviri nani. Zvino ndamuka, ndokupfeka hanzu dzangu, zvino ndokuuya kuchechi.

¹² Saka ti—tiri kuvimba naIshe Jesu zvino kuti Vacharopafadza kushingaira kwedu pamwe chete manheru ano, apo munyika yose tiri kuedza kubatana nechikamu chino cheMutumbi waKristu, chandakapiwa kodzero dzekupa chikafu makwai aVo. Uye ndichangoita sokukwanisa kwangu kwese kwezivo yangu, mukupa Chikafu chakanaka chandinoziva chemakwai.

Uye ndakanyatsomirira nguva iyo apo tose tinokwanisa kuungana panzvimbo imwe chete zvino ndoparidza pamusoro peaye Matenda Manomwe, neNdiro Nomwe dzematenda, neHwamanda, nezvimwe zvakadaro. Zvose zvinoitika panguva dzakabatana. Ndicho chikonzero zvichatitorera pamwe svondo, mazuva gumi kana kudarika, kuti tizvipedze mumusangano mumwe chete, tikakwanisa. Ndinofunga kuti inokwana kwazvo.

¹³ Zvino, vakawanda venyu muchafamba muchienda kure. Ndikatarisa nechekuno uku, uye ndangocherechedza, nguva shoma yapfuura, vanhu vari muTucson. Mai Sothmann, ndinoona kuti Hama Fred vasvika zvakanaka. Ndavaona muungano mangwanani ano. Uye apo ndinofunga kuti ndiHama Don Ruddell vagere pedyo navo, kumashure uko manheru ano. Ndinofara kuona Hama Don muno. NaJunior, Junior ari pano here, kana kuti ari kuchechi yake? Ndinofungidzira kuti vari padzinhare muchechi manheru ano.

Saka, imi mose hama, tiri kufara zvikuru kuti muri pano nesu manheru ano, uye tichivimba munaShe kuti rimwe zuva isu, kana zuva reupenyu richinge rapera nechiedza chedu chiduku chehupenyu hunoguma chotanga kudzimaizwa chive kudzima, hatizoty chakaipa, nokuti zvichidzika ma—ma . . .

¹⁴ Ndichangowana nhau kwamuri, kumusoro—kumusoro ku . . . muArizona, kumusoro kuPrescott. Hama Coggins vaburitswa muchipatara. Saka tinotenda zvikuru nokuda kwazvo. Zvakanaka. Zvakarurama. Saka tinotenda zvikuru nokuda kwazvo. Hanzvadzi Mercier, baba venyu vave kuita zvakanaka zvino. Ndangonzwa, mushure mokunge tanamata, kuti vanoita zvakanaka. Saka vanogona kunge vari kuteerera kuno; ndine tariro yokuti vakadaro; uye ndinofunga kuti vakadaro. Saka tinotenda zvikuru nokuda kwazvo, kuti hama yedu ya—yaita zvakanaka zvino, uye vari kuzopora. Nokudaro tinotenda Ishe nokuda kwezvinhu zvose izvi.

¹⁵ Ndakawana chikumbiro nezuro manheru; imwe hama inodikanwa pano, ndinofungidzira kuti anogona kunge asinesu nhasi. Imwe hama inobva zasi muKentucky, vakandifonera maererano nemwanasikana wavo. Mhuri yakanaka kwazvo,

zvino mu—musikana ari kuzooparetwa, amai vechidiki vane kenza kumusana. Saka ti—tinonamata kuti Mwari vagodzikinura mudzimai wechidiki uyu. Ndinotenda kuti Vachazviita, kana tikango . . .

Ungano, tose pamwe chete, tobatana nokunamatira vanhu ava, tose pamwe chete. Ndizvo zvatinofanira kuita, sechinhu chimwe chete. Se . . .

¹⁶ Zvino apo mazuva ari kuswedera pedyo nepedyo, nekutetepa kuri kuramba kuchiita nzira, ti—tinoda kuswedera pedyo pamwe chete. Ini zvangu, tinofanira kungova vamwe, mutumbi mumwe. Tinofanira kufamba pamwe chete, tichikanganwa zvivi zvemumwe nomumwe nekupesana kwedu, zvino tongobatana nepedyo nepedyo nepedyo, apo tiri kuona Zuva racho richiswedera. Tichiungana pamwe chete, tose muhumwe nomoyo mumwe chete. Uye kana hama, kana hanzvadzi ikatsauka kubva mugwara, neipi hayo nzira, pasawane chaunoita kunze kwekunamatira munhu iyeye, uye murudo, nguva dzose tichicherechedzana. Musa—musarega mumwe wenyu achienda. Garai pamwe chete. Uye, kana muchikwanisa, wedzerai kwairi, zvichiramba zvakadaro, nguva dzose.

¹⁷ Hama Neville, ndine chikumbeiro chenye pano maererano naHama Wright, Hama George Wright vagere pano. Tinofara Hama Wright neHanzvadzi Wright, pano . . . Edith muduku, ini . . . Rimwe zuva patichauya, tinoda kuzova neshumiro duku yekurangarira pano.

Handina kudzokera Edith uye paakaenda. Asi, Hanzvadzi Wright, munorangarira chiroto chaakava nacho makore mashoma apfuura. Uye ndakakuudza ipapo, ndikati, “Uyu, Edith muduku haasi kuzogara kwenguva yakareba nesu zvino,” nokuti Ishe vakanga vataura kare kuti akanga ari kuzoenda, kubudikidza nechiroto chaakava nacho. Uye ndakawana dudziro yacho, yokuti, akanga ari kuzonosangana naMwari. Angaita makore maviri akatevera, akaenda kunosangana naMwari. Iye zvino akamirira baba naamai vake kuti vayambuke muganhu, uri pakati pehupenyu hwekufa nehwekusafa.

¹⁸ Mwari vakuropafadzei. Ndinoda kuedza kukuonai iko zvino, kana ndikangokwanisa. Saka Mwari ave nemi pamwe chete naShelby, nevamwe vose. Ndafunga kuti ndaona Shelby mangwanani ano; ndanga ndisina chokwadi.

Haugone kunyatsoona zvakanaka kumusoro kuno; denga rakadzika sezvivi, uye rinokandira chi—chiedza zvakadaro. Unokwanisa kuona zvinzvimbo, asi haukwanise kuona vanhu zvakananyatsonaka.

¹⁹ Iye zvino tochinanga kuMharidzo. Ino iMharidzo yandiri kuda kuverenga kubva muna Numeri 19:9 nevaEfeso 5:26. Zvino

kana imi muri vanhu vanochengeta zvinyorwa zvepataverenga, nezvimwe zvakadaro, handiti, munogona kuzvinyora pasi.

²⁰ Uye zvino rangarirai, kana izvi zviri kutepwa . . . Handizive. Hapana wandiri kuona. Hongu, ndaona, ndiri kuona Hama Terry umo mu—mukamuri yekurekodha. Kana izvi zviri kutepwa; kune chero vashumiri vari kune ipi hayo nzvimbo, nguva ipi hayo, izvi hazvina kunangana nokushaisa basa dzidziso dzenyu, izvi hazvina kana kutombonangana nemakwai enyu. Mharidzo ino, nedzimwe dzose Mharidzo dzandinotaura pamusoro padzo, dzakanangana neungano yangu. Haisi yeungano yenyu kunze kwekunge vachida kuIgamuchira. Asi Yakanangana nevanhu ava vari pano.

²¹ Vanhu vanotenga matepi aya. Vanhu vari pasi rose vanotenga matepi aya zvino voaridza. Kakawanda vanotinyorera. Uye nguva dzose ndinovaraira, kana vari nhengo yeimwe kereke, “Ona mufudzi wako.”

²² Zvino, mufudzi, ndinoda kuti muzvize, kuti, izvi ndezve ungoro yangu bedzi vandiri kutaurira zvinhu izvi. Uye ndine kodzero yekuzviita, nokuti ndakaiswa neMweya Mutsvene kuti nditarire makwai aya. Uye nhamo kwandiri kana ndikasavataurira zvandinofunga kuti iChokwadi, uye nenzira yandinofunga kuti Chinouya. Asi haChisi chepasi rose kana mwamwe ose makereke. Imi itai zvamunoudzwa naMwari kuti muite. Handikwanise kukupindurirai, kana nemiwo hamukwanise kundipindurira. Asi tinofanira mumwe nomumwe wedu kupindurira shumiro yedu, pamberi paMwari. Saka, kana ndichifanira kuzopindurira shumiro yangu, ndinofarira kuChiparidza nenzira yandinoChiona, nenzira yaChinozarurwa kwandiri. Saka ngazvizivikanwe izvozvo zvino.

²³ Zvino muna Numeri 19:9, tiri kuda kuverenga chikamu ichi, kana kuti Gwaro iri, waro.

Zvino mumwe munhu akachena anofanira kuunganidza madota etsiru, ndokuachengeta kunze kwemusasa panzvimbo yakachena, kuti achengeterwe ungoro . . . (tarirai zvino) ungoro yavana veIsraeri kuzoitwa nawo mvura yokupatsanura nayo: chipiriso chezvivi.

²⁴ Cherechedzai, kwete munhu wese, “kuungano yevana veIsraeri; mvura dzokupatsanura.”

Zvino muna vaEfeso, chitsauko 5, uye tichitangira pandima 22.

Imi vakadzi, muzviise pasi pevarume venyu chaivo, sezvamunoita kunaShe.

Nokuti murume musoro wemukadzi, saKristuwo musoro wekereke: iye amene ndiye muponisi wemuwiri.

Asi kereke sezvairi pasi paKristu, vakadzi ngavadaro pazvinhu zvose kuvarume vavo.

Imi varume, idai vakadzi venyu, Kristu sezvaakadawo kereke, akazvipa nokuda kwayo;

Iye zvino hezvinoi izvi zvandiri kuda kutaura zvino.

Kuti aiite tsvene achiinatsa nokushambidza kwemvura pashoko,

²⁵ Zvino, chidzidzo chiduku ichi manheru ano, kana ndingachiti chidzidzo. Uye ndinovimba kuti vanhu vari pano, neavowozve vari kunze mumubatanidzwa wenhare, havazoshai hany'n'a neizvi uye vachifunga kuti zviri kuitwa nenzira inenge kumhura. Kunyange, kutora chidzidzo chakadai, zvinoita sokumhura. Chidzidzo chandiri kushandisa chemanheru ano ndechokuti: *Sefa YeMunhu Anofunga*. Zvinoita sezvinonyatsopesana sechidzidzo, kumushumiri anopikisana zvikuru nekuputa, kuti angatora chidzidzo chakadaro, *Sefa YeMunhu Anofunga*. Zvakaitika, kuti, mamwe mangwanani pandakanga ndaenda kunovhima tsindi.

²⁶ Dai imi vanhu vari kunze uko—vari kunze uko paredhiyo, panhepfenyuro, kana pamasaisai enhare, magona kunge maona kuratidzika kwepachiso kuri paungano ino pandazivisa chidzidzo changu, zvingadai zvakusekesai. *Sefa YeMunhu Anofunga*.

²⁷ Saka, zvose izvi zvakaitika kumusoro uko kwakauya Vatumwa vaJehovha kwandiri mamwe mangwanani, uye tsindi dzikataurwa dzikavapo. Mose munorangarira pazvakaitika. Uyewo, zvakare, pamusoro chaipo pechikomo pandakange ndimire, ndipo apo... ndisati ndaparidza Mazeru Manomwe Ekereke, ndichienda kunovhima mamwe mangwanani kusati kwachena. Pakamira...Ndakafunga kuti zuva rakanga rave kubuda, dzichinge four o'clock mangwanani. Zvisingatarisirwe; ndakaona Chiedza chiya, zvino ndakatendeuka, zvino ipapo pakanga pamire Zvigadziko zvekenduru Zvinomwe Zvendarama zviya zvakamira ipapo pamusoro pechikomo, paine sekunge muraraungu wakanga uri kubuda nemumapombi uchienda kunze.

²⁸ Pakarepo mushure maizvozvo, Ishe Jesu vakaonekwa kwatiri. Uye pakarepo ndakanzwa Inzwi rakati, "Jehovha weTestamende Yekare ndiJesu weItsva." Zvino heunoi uYo aivepo, mushure mechinguva, achizarurwa mushure meZvigadziko zvekenduru Zvinomwe Zvendarama. Zvino chizvicherechedzai. Vangani vanorangarira chidzidzo ichocho? Ndakachinyora seri kwe—kwebhokisi re—remabara randaive naro muhomwe mangu. "Jehovha weTestamende Yekare ndiJesu weItsva." Mwari vari Kudenga vanoziwa kuti ichocho chaive chokwadi.

²⁹ Pandakadarika nepanzvimbo paya paAkaoneka kwandiri munguva shoma yakatevera, maererano nezvetsindi.

³⁰ Zvino pandakafonera shamwari yangu yakanaka, Jack Moore, mwedzi mishoma yakatevera, ndichibvunza; pandakatanga kuparidza Mazera Manomwe Ekereke, Zvakazarurwa 1. Zvino Aive akamira, ari wese muchena; vhudzi raKe rainge rakafanana nemakushe ehwai. Ko zvaizoitika sei iYe, aine makore makumi matatu nematatu okuzvarwa, ange ari muchena kwese? Zvino Hama Moore, murume kwaye akanaka kwazvo, ane hunhu, Mukristu, uye ari mudzidzi, mumwe wevepamusoro-soro wandinoziva; zvino akati, “Hama Branham, akanga ari Jesu mushure mechinano chaKe chokubwinyiswa. Ndiwo maratidzikiro aAve zvino.” Asi izvozvo hazvina kudairira mandiri. Zvino ndakaramba ndichinamata kusvikira rimwe zuva. . .

³¹ Ndisati ndatanga Mazera Manomwe Ekereke, handaigona kutwasanudza chitsauko 1 chiya. Ko zvingaitika sei kuti Munhu, ane makore makumi matatu nematatu okuzvarwa, akamuka ari mumutumbi mumwe chete wokuti vaapostora vakaMuziva, ndokuziva kuti ndiYe; zvino ko Ainge akurisa sei zvakadaro, kuda aine makumi masere kana makumi mapfumbamwe makore okuzvarwa, aine makushe makuru machena pachiso chaKe, uye ndebvu dzaKe dzakachena sechando?

³² Ndakanga ndaverenga umo muBhuku re . . . raDhanieri, apo akauya kune “Mukweguru paMazuva, Aiva nevhudzi rakachena semakushe.” Zvadaro ndakaona Mukweguru paMazuva. Aive uya Mukweguru paMazuva, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Munoono, wainge uri mufananidzo, ipapo.

Sei makushe machena? Zvino ini ndaka . . . Mweya Mutsvene wakaita sokutaura neni maererano nomumwe mufananidzo wandakamboona pane imwe nguva, wemutongi wemhosva wenguva dzekare-kare. Zvadaro ndakaenda kunhoroondo; ndakadzokera kunhoroondo yeBhaibheri nezvimwe zvose, kuti ndione. Zvino vatongi vemhosva vakare, semuprisita mukuru muIsraeri, aifanirwa kuve nezvichena izvozvo, vhudzi nendebvu zvichinge hukushe hupfumbu, nokuti huchena hwaive pamusoro pake zvaireva kuti aiva nesimba repamusoro-soro pavatongi vemhosva muIsraeri.

Kunyange nanhasi, uye zvichidzika kusvika mazana mashoma emakore akapfuura, zvichida mazana emakore akati kuti akapfuura, zvichida pamwe hazvina kudaro, mashoma panguva yakadaro. Vose vatongi vedzimhosva kuEngland, zvisinei kuti vaive vaduku zvakadini kana kuti vakura zvakadini, pavaienda kudare remhosva, vaipfeka wigi chena; uye kuratidza kuti hapanazve rimwe simba, muhumambo imomo, riri pamusoro peshoko ravo. Shoko ravo ndiro mhedziso muhumambo. Zvavanenge vataura, ndizvozvo.

³³ Uye zvino, zvadaro, ndakazviona. Heunoi uYo akamira ipapo, kunyange ari Murume wechidiki, asi akapfeka wigi chena. Ndiye aive Simba rizere, repamusoro-soro. Akanga ari Shoko. Uye Anayo, akapfeka wigi chena.

³⁴ Zvadaro, munguva yakatevera patakange tapedza, uye mha—mharidzo, ndokuenda kumadokero, uye Ngirozi dzaShe padzakaonekwa kunze uko kuitira Zvisimbiso Zvinomwe, zvino rakakwira muchadenga (iro ratiine mufananidzo waro pano, nekwese munyika), heunoi Aive akamira ipapo, achiine wigi yesimba repamusoro-soro. Ndiye Musoro weKereke. Ndiye Musoro weMutumbi. Hapana chakafanana naYe, chero kupi hako. “Akagadzira zvinhu zvose pachaKe. AkaZvigadzirira zvinhu zvose, uye pasinaYe hapana chainge chakagadzirwa.” “Ane simba rose kuMatenga nepasi,” uye zvinhu zvose ndezvaKe. “Uye maAri ndimo mune huzaro wehugaro hwaMwari mumutumbi.” “Uye Shoko rakanga riri Mwari, zvino ndokuitwa nyama pakati pedu.” Uye ndiYe Wacho Akazarura chakavanzika chose chezano rerudzikinuro, icho vose vaporofita nevarume vachenjeri vakanga vataura nezvaro. Iye oga ndiye aiva uYo akapfeka wigi uye ane Simba repamusoro-soro.

³⁵ Zvino, ndakanga ndamira, pamusoro pechikomo ichi pane mamwe mangwanani, zvinoita kunge paimbenge paine tsindi dzaitambira ipapo. Zvino ndakatanga kugara pasi. Ndakange ndangoveko kwechinguvana, apo, zvikwenzi zvaive pedyo neni zvakaita ruzha, zvino mumwe muchinda mukuru aiva nechifefe chine miromo miviri akauya achifamba achipfuura nezvikwenzi ipapo, zvino zvakandivhundutsa zvikuru. Zvino ndakaenda, ndokuhwanda pasi; ndaitya kufamba, ndichitya kuti aizondipfura. Zvino zvikwenzi zvaifamba, saka ndakagara ndakanyararisa.

³⁶ Imwe tsindi yakatanga kufamba pamusoro pechikomo, zvino akabva apfura nemiromo yose iri miviri. Zvino akaipotsa, saka tsindi yakaenda ichidzika nechikomo. Ndakafunga, “Iye zvino ndave kuchibva pano; ruzha rwese urwu rwuchiita maungira. Pfuti yake haichisina mabara mairi.”

Zvino ndakatanga kudzika nechikomo, zvino mumwe muchinda akabva apfuura chaipo pamberi pangu. Zvakandidzosa nekumwe *uku*. Zvino ndakatanga nechekuno uku, kuti ndidzike neimwe nzira, zvino pfuti ye .22 ndokutanga, zvino mbumburu dzaimhanya nepamusoro pangu. Ndakati, “Ko nhai, zvandiri mukati menzvimbo yakaipa kwazvo.”

³⁷ Saka ndakatendeuka ndokudzika nerukova. Zvino ndakafunga, “Ndichadzika nepapa ndonovanda kusvikira vapedza, kuitira kuti ndizobuda.” Zvino munzira ndichidzika, ndakangokwezva. . . Meso angu akakwezvwa kuti nditarise kudivi rekurudyi kwangu. Zvino, pandakadaro, paive parere pakiti refodya risina chinhu apo mumwe wavo akanga

arikandira pasi, mukumhanya kwese uku kwe...apo tsindi dzainge dziri kupfuura nemuzvikwenzi.

³⁸ Zvino ndakanhonga chipakiti ichi chefodya, uye ndokuona...Handina kumbochinhonga; ndine urombo. Ndakatarisa pasi kwachiri. Handina kuchinhonga, nokuti kutanga, handifarire munhuwi wezvinhu zvacho. Zvino ndakatarisa pasi ipapo, zvino nde—ndeimwe kambani yefodya zvokuti ndinofungidzira kuti handifanire kudana zita ravo, asi muchaziva. Zvainzi ipapo, “Sefa yemunhu anofunga nekuravira kwemunhu anoputa.”

Ndakatarisa chinhu ichocho, ndikafunga, “Sefa yemunhu anofunga?” Ndakafunga, “Munhu wacho dai aigona kufunga saizvozvo, haaimboputa zvachose. Ko ingagova sei ‘sefa yemunhu anofunga’? Munhu anofunga haatomboputi zvachose.” Zvakanaka.

³⁹ Zvino, ndakafunga, “Kunyengera kwakadini ikoko!” Zvino, makambani efodya anofanira kunge ari emuno muAmerica. Uye o, kana tikararama zvinoenderana netsika yedu, tainge tichishanda kuti tibatsirane, kana tiine kunzwirana. Uye hunyengeri hwakadini! Chikonzero ndisina kudoma zita rekambani yacho, ndinofanira kutaura zvimwe zvinhu zvakaipa pamusoro pavo. Uye kuti hunyengeri hwakadini hungaitwa nemumwe munhu, kuti aite mari?

⁴⁰ Munhu anofunga haapute zvachose. Asi vanhu vemuAmerica vanonyengerwa nazvo; vanofunga kuti zvinoshamisa kwazvo!

⁴¹ Zvino tarisa, haukwanise, haukwanise...Bvunza chero munhu, vesainzi, uchazo...Haukwanise kuva neutsi pasina tara. Kana pakangoita kadonhwe kaduku kechiutsi kanouya, itara iyoyo. Zvino kana ukasawana utsi, saka, hauwane tara, uye hapana chaunowana. Uri kungokweva pachimuti chakaoma. Asi chero uchingowana utsi bedzi, uri kukweva kenza, nikitini.

⁴² Dai wainge uineni gore rapera, kana kuti gore rakapfuura pamberi, ndinotenda kuti ndiro, paWorld’s Fair, apo Yul Brynner nevamwe vose pavakanga varipo ipapo vachiratidzira, zvino waivaona vachitora mudzanga, vouisa mune chimwe chinhu, voukweva nepadombo remarble. Zvino chiremba aitora bhandiji, rainge rakwizirwa ipapo zvino obva abvisa nikitini kubva ipapo, oiisa pamusana wegonzo chena, obva ariisa mukeji. Zvino mushure memazuva manomwe oga-oga vairibuditsa imomo. Zvino gonzo rainge rakazara nekenza zvokuti rainge risisagone kufamba, kubva panikitini yakabva pamudzanga mumwe chete.

⁴³ Zvino akati, “Munoziva, vanoti unokwanisa kuipfuudza nemusefa.” Iye ndokuti, “Haukwanise kuva nesefa...Sefa yose inobvisa nikitini, inobvisa utsi,” ndokuti, “nokuti unofanira

kuva neutsi. . .kuva netara kuti igadzire utsi, zvino iyo tara ndiyo inopa kenza.”

⁴⁴ Uye zvino akaenda, ndokuikweva nemumvura, ndokuti, “Dzimwe nguva anofunga kuti unogona kuisefa nemo.” Akati, “Nguva dzose, apo, hazvina basa nekwaunoikwevera.” Ndokuti, “Vanoti, ‘Handiukwevere mukati,’ zvino voiisa mukanwa mavo voisvipira kunze.” Zvino akatora ichocho ndokuchimona, ndokuchiisa pasi pechimwe chinhu ipapo, ndokuratidza kuti yakanga ichingori kenza. Ko uri kuitei? Uri kuimedza ichidzika nehuro yako. Maona? Uye hazvina basa nezvaunoita, rwuchingori rufu chete. Maona?

⁴⁵ Uye ukafunga kuti kambani inonyatsonyengera munhu zvizere, kana kuedza kunyengera vanhu vavo. Zvakafanana negora riri kurarama nokudya varo, vemhando yaro. Kuita mari, nokutengesa rufu kunyi—nyika, nekune varume vechidiki. Zvino vachienda kuhondo vachinovafira, zvino ivo votendeuka vovatenesera chinhu chakadaro, zviru pasi pokunyengera, “Sefa yemunhu anofunga, asi kuravira kwemunhu anoputa.” Unofanira kuva neutsi kuti uve nekuravira. “Kuravira kwemunhu anoputa.”

⁴⁶ Vanhu vanonyengerwa nazvo zvakadini, zvakadaro! Vanozwiwana. Zvino, ndezvekungowedzera kukunyengera. Munoono, ndezvadhuyabhorosi. Havana basa nehupenyu hwako. Havambokunzwira zvachose. Vanokutengesera zvinhu izvozvo kuti vazokutarisa uchifa, chero bedzi vawana mari.

⁴⁷ Sezvematomongerwo enyika nehondo. Handitendi muhondo. Handitendi kuti taitombofanira kunge takambova nehondo.

Ndinotenda muHumambo hukuru huri kuunzwa naMwari, budiriro yehungwaru huru iyo ichaunzwa pasi pehumambo hwaKe pachaKe hukuru; hapazombova nehondo zvakare. Nyika haizosimudzira imwe nyika mapfumo. Vachange vose vari murugare, rugare rwemunaZiendanakuenda.

⁴⁸ Saka mhando yakadai yebudiriro yehungwaru inounza hondo. Patinowedzera kubudirira pahungwaru, pasi peihwohu, ndiko kuwandawo kunoitira hondo. Mumwe achiedza kuda kubudirira pahungwaru kudarika mumwe, zvino kuwedzera kwehungwaru ndiko kuwedzera kwehondo. Maona?

⁴⁹ Uye chitarirai zvino, pasi pebudiriro ino yehungwaru, kuti munhu anogadzira chinhu chakadaro. Chinhu choga chazvinoita, zvinongokunyengera kuti uwedzere mimwe midzanga yekutenga. Kana munhu achiputa midzanga. . . Uye ndinotenda kuti ndezvadhuyabhore, uye pane dhimoni renikotini mumurume uyewo, kana mudzimai. Zvino kana mudzanga mumwe chete uchigutsa dhimoni iroro renikotini kusvikira rinozokusiya wakadaro rorega kuramba richikunetsa, nemudzanga mumwe chete. Zvino ukatora sefa, inongorega chikamu chimwe chete kubva muzvitatu cheutsi ihwohwo

kupfuura neimomo, kana kuti chikamu chimwe chete kubva muzvitatatu chenikotini kupfuura neimomo, zvadaro zvinozotora midzanga mitatu panzvimbo yemumwe chete, zvino unozoputa mitatu panzvimbo yemumwe chete.

⁵⁰ Munoono, hunongori hu—hurongwa, hunyengeri, hurongwa hwekuedza kutengesa midzanga. Vanokwanisa kutengesa yakawanda nenzira iyoyo kudarika zvavangagona nokungorega munhu achiputa fodya sezvairi muchikwepa chake kana muchimonera chake. Zvino, munoono, ndezvadhiyabhore.

⁵¹ Pandakanga ndakamira ipapo ndakaitarisa, uye ndichifunga kuti zvainyengera zvakadini, mubvunzo wakauya kwandiri. Zvino ndakakotama, ndokutarisa chipakiti zvakare, uye ini. . . zvakangaita sokunge chimwe chinhu chakati kwandiri, “Asi chitaurwa chacho chakanaka, ‘sefa yemunhu anofunga, kuravira kwemunhu anoputa.’” Zvakauya kwandiri kuti hunyengeri hwakadai, zvakare, muchiero chepanyama imomo mufodya, chimwe chinhu chakafanana nemaitiro emakereke nhasi, munoono, hunyengeri.

⁵² Uye zvasvika pokuti pasi rose rangova hunyengeri pane chokwadi chemazvirokwazvo neizvo zvakana. Munoono, kunyange mune zvevatongerwo enyika, nemune zvevagariro evanhu, muchikoro, muzvinhu zvose, zvango vzevahunyengeri.

⁵³ Mumwe mujaya akanga achindiudza pane rimwe zuva kuti akanga ari zasi mukamba yemasoja, zvino mumwe musoja wechidiki akatsikwa nemotokari yenganunu; mapapu ake, dumbu rake, kana kuti chaivei, chakabvoworwa. Zvino vakaenda kuchipatara; vakanga vaine vanachiremba vatatu kana vana vakanga vakamira mumutsara, uye munhu wese ainge akamira mumutsara. Zvino masoja maviri kana matatu vainge vakabata shamwari yavo, zvino iye akanga ave kutotadza kufema. . . Pose paaifema, mbabvu iya yaibva yabaya ichipinda mumapapu ake, zvino izvozvo zvakamuita kuti ajuje ropa nemukati. Zvino vakarega mujaya uyu akamira mumutsara uyu, kumashure-shure kwemutsara, zvino ndokurega, vamwe machinda vakanga vasina chavainacho kunze kwenzveve inorwadza kanawo zvimwe, vachienda pamberi.

⁵⁴ Zvino panguva iyo yaakasvika ipapo, mumwe keneri akauya nemwana muduku akanga amerera mapundu, mwanakomana wake muduku kana musikana akanga amerera mapundu paruwoko rwake. Zvino vakamisa mutsara uyu, kuti vapinze mwana wakeneri, asi mukomana uya akakuvadzwa, ari kufa. Hezvoka izvo.

⁵⁵ O, dai keneri uyu aiva nekunzwira kwechokwadi kuhama yake yaive iri mumutsara, angadai akati, “Uyu mwana anogona kumira. Unzai murume uyu kuno nokukasika, wanaiwo zvamungamuitire!”

⁵⁶ Asi munhu wese anoda kuratidza simba rake rekutonga. Zvino, havasi vose vakadaro; kwete, havasi vose vakadaro. Asi kune vakawandisa vakadaro. Kune vakawandisa vakadaro. Asi murume uyu, chinhu choga chaaingofunga, aingori mukomana wake muduku akanga amerera mapundu paruwoke rwake, asi asiri kumbofunga nezvemukomana uya anonzwisa urombo aive akamira ipapo akanga akuyiwa pasi pemotokari yenganunu, iyo motokari yenganunu yacho chaiyo zvichida pamwe ndiye mukomana wacho chaiye aizoponesa hupenyu hwake rimwe zuva muhondo. Munoono, havamire kufunga; kungozvifunga pachavo.

“Sefa yemunhu anofunga.”

⁵⁷ Ndakaitarisa, zvino ndikafunga, “Zvakaita sema—masangano anhasi, makereke atinawo.” Imwe neimwe yawo ine sefa yayo; vane mhando yavo yesefa. Vanongorega kuchipinda izvo zvavanoda, uye nezvavasingadi kuti zvipinde; zvanosefa zvichipinda nezvavanosefera kunze, nemhando yavo yesefa. Vanongorega humwe huwandu hwenyika huchipinda kuti zvigutse vasingatendi vanenge varimo. Vanovatora vovapinza mukati zvisinei kuti vakadini, kana vaine mari. Vanovatora vovapinza mukati zvisinei kuti vakaita sei, kana vaine mukurumbira.

Asi pane chimwe chinhu pamusoro pazvo, haukwanise kupinda muKereke yaMwari saizvozvo; kwete sangano zvino, ndinoreva Kereke yaMwari yemazvirokwazvo, yechokwadi.

⁵⁸ Semakambani efodya anhasi, vanhu vanouya mumakereke akadai kana masangano, vane kuravira kwavainako, uye kuravira uku ndekwezvinhu zvepamusoro zvenyika. Zvino sangano rimwe nerimwe rine sefa yaro, zvino vanosefera kunze Makristu ose echokwadi vanoti “ameni” paanenge achiparidza; uye vounza mukati maJezebheri ose akagera vhudzi, akapenda kumeso ari munyika, chero bedzi vaine mukurumbira. “*Nhingi-nhingi* anouya kwedu...mutambi wemabhaisikopo, munhu mukuru.” Ndiyo mhando yesefa yavanoshandisa. “Sangano redu. *Nhingi-nhingi*, mutungamiri, kana—kana keneri, kana mumwe munhuwo ndewesangano redu.” Munoono mhando yesefa yavanoshandisa? Sefa iyoyo, chaizvoizvo, ndeye nyika, vanhu vemunyika.

⁵⁹ Ivo vanhu, vanoziva zvavanoda. Saka kana vachifanira kuwana zvavanoda, zvararo vanotofanira kuva neimwe mhando yesefa, uye nezvimwe zvenyika zvanotaura nemo, kuti zvigutse kuravira kwavo kwenyika. “Sefa yemunhu anofunga, kuravira kwemunhu anoputa.” Sefa yechinamato chemunyika, uye nekuravira kwemunhu wemunyika.

⁶⁰ Vanoda kuva vezvinamato. Vanofunga kuti vanofanira kuva vanamati, nokuti vane munhu wemukati.

61 Patakatanga kuuya munyika ino, makawana maIndia achinamata mazuva nezvakadaro, nokuti (sei?) iye munhu. Tikadzokera mumasango ekure emuAfrica, tinoona vagari vemo vachinamata chimwe chinhu. Sei? Ivo vanhu, uye vanoda, vanofanira kunamata.

62 Saka munhu, zvisinei kuti akawa zvakadini, anoziva kuti pane chimwe chinhu chiri kune imwe nzvimbo. Asi ane kuravira kwakakura kwenyika, zvokuti haakwanise kutora sefa yacho chaiyo. Anofanira kuva nesefa yake yaakagadzira. Mumwe nomumwe achigadzira mhando yake yesefa.

63 Kambani yoga-yoga yemidzanga inodada neyayo, zvavanogona kuita, “Sefa yemazvirokwazvo! Iyi ndiyo sefa yakanakisisa! Pane zvose iri pamberi!” uye nezvose zvakadaro. Ndokuti, “Kuravira kunouya,” kanawo zvimwe, “kuchibva nechekumberi.” O, imiwee. “Nechekumberi”? Ko chii chiri kwainogumira shure kwayo, zvakare? Zvirokwazvo haasi murume anofunga kana mudzimai anofunga. Asi ndizvo zvavanotaura, kungori bedzi kunyengerwa vanhu.

64 Zvino tinoona kuti, muzuva redu, kuti vanhu vane kuravira kwavainako. Ko sei murume achiputa mudzanga? Kuitira kuti agutse kuravira. Ko mudzimai anoputireiko mudzanga? Kuitira kuti agutse kuravira.

65 Zvino kana kereke ichinge yafunga, boka rezvekunamata, ivo...kuti vaunze vanhu imomo, vanofanira kuva neimwe mhando yesefa inopa vanhu mhando yekuravira kwavanoda. Saka kana vakasawana kuravira kwavanoda, havadi mudzanga wacho. Uye kana vasingawane kuravira kwavanoda muchinamato, havatore chinamato chacho. Zvino, zvakangojeka sezvazvinokwanisa kuva.

66 Vakadzi vane zvikabudura, vhudzi rakagerwa, zviso zvakapendwa, vakapfeka zvinokwezva ruchiva, vanoda izvozvo. Vanozvida izvozvo.

67 Sokutaura kwandaita mangwanani ano nemangwanani eSvondo yakapfuura, pamusoro pevhiri riri pakati pevhiri, kana kuti munhu uya wemukati muduku ari mukati memweya. Uye kuti mweya uri kunze, pakati pemunhu wemukati nemutumbi, unogona kunyatsozodzwa neMweya Mutsvene. Mose makazvinzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

68 Iye zvino tikazvitevedza nokuenderera mberi kweMharidzo, *Mwari WeNyika Ino, Vazodziwa Mumazuwa Okupedzisira*. Rekunze, denderedzwa riya repakati...Denderedzwa rokutanga ndiwo ma—manzwiwo emunhu. Denderedzwa rechipiri manzwiwo emweya; kuda, kuda kwako, chishuvo, nezvimwewo. Asi remukati ndiye munhu wemukati; munhu wemukati iyeye akatemerwa.

Saka, vanogona kuzodza mweya uyu kuitira kuti mutumbi uri kunze uve pasi pemweya. “Asi munhu wemukati anotadza, munhu iyeye achafa.” Munhu wemukati anoramba, nokusatenda, Shoko raMwari, raari chikamu charo, munhu wemukati iyeye achange munaZiendanakuenda... achange, nguva dzose.

⁶⁹ Ndinotenda mune kufa kwemunaZiendanakuenda, zvimwe chete sokutenda kwandinoita Denga remunaZiendanakuenda, asi kwete gehena remunaZiendanakuenda. Hakuna chinhu chakadaro segehena remunaZiendanakuenda. Pane rufu rwemunaZiendanakuenda rwevanhu vanenge... Vazhinji vavo, vezvinamato, munyika nhasi, vagara vakafa.

⁷⁰ “Mudzimai anorarama mumufaro wenyika,” nevhudzi rake rakagerwa nechiso chakapendwa, “akafa apo ari mupenyu.” Bhaibheri rakataura kudaro. Maona? Munooona, anogona kunge ari munamati, asi haana kumboponeswa. Ane maitiro ekunze. Anogona kuimba mukwaya, kana kuti anogona kutamba ari muMweya, anogona kutaura nendimi, uye ova nokuratidzwa kwese kweMweya. Asi kunze kwekunge munhu wemukati ari mwanasikana waMwari, munooona, aparara, zvisinei kuti anoitei.

⁷¹ Israeri yose yainge iri kunze kwayo pamweya, yose yakazadzwa nekunaka kwaMwari, uye kuti vairemekedza zvakadini Mwari, nezvimwe zvakadaro, asi izvozvo hazvina kushanda. Mukati mavo hamuna kukwanisa kucherechedza Shoko pachezvaRo.

⁷² Asi kana uchinge waberekwa neMweya waMwari, zvadaro unenge uine... uri mwanakomana waMwari, uye wakangogara nguva dzose... uri mwanakomana waMwari, uye ucharamba uri mwanakomana waMwari. Hapana nzira yekuzvipatsanura, nokuti yaka... une Hupenyu Husingaperi. Uye Ziendanakuenda harina kumbobvira ratanga; uyewo harizombogumi.

⁷³ O, nokuda kwenyasha dzaMwari, kuti Agotipa kunzwisisa zvakavanzika zvikuru zvakadai! Sokutaura kwakaita Pauro pano, mberi achidzika muvaEfeso, achitaura pamusoro pemurume nemudzimai, uye ndokuti, “Ichi ichakavanzika,” kuti mudzimai anofanira kuremekedza murume wake. Kunyange nzvimbo yechipiri, ndinotenda kuti ndizvo, muBhaibheri rose, pakataurwa pamusoro peruremekedzo. Zvakanzi, “Vakadzi, aone kuti aremekedza murume wake, kuremekedza murume wake.” Zvadarowo murume anofanira kurarama hupenyu hwakafanira pamberi pemudzimai wake kuti mudzimai wake agokwanisa kumuremekedza semwanakomana waMwari. Kana akasararama hupenyu hwakadaro, saka, zvino, ndizvozvo, haazomuremekedzi, nokuti anoziva kuti akaumbwa nei. Asi kana ari murume ari munhu ane ruremekedzo, ruremekedzo uye akachena, nemudzimai wake nepamberi pemhuri yake, muranda

chaiye waMwari, zvino madzimai, vana, nevose, vanofanira kuremekedza muranda waMwari iyeye, neruremekedzo.

⁷⁴ Cherechedzai zvino. Mudzimai, vanoda kuva nevhudzi rakagerwa. Vanoda kupfeka zvikabudura, pendi, kupoda. Tumabhikini utwu nezvinhu zvava—zvavanopfeka mazuva ano, vanoda kuzviita; asi zvakadaro vanoda kuenda kukereke. Muri kuona chizoro chiri pamweya uyu, kwete pamunhu wemukati. Maona?

⁷⁵ Zvikanzi, anoda kuva Mukristu pamwe nokuita zvinhu izvozvi, uye mufudzi anoti zvakarurama. Zvino kana akati zvakarurama, “Unokwanisa kuva nhengo; zita rako rinokwanisa kuiswa pabhuku rangu rekereke pano; zvakarurama,” zvino anenge ari kumupa sefa yake yesangano kuti zvigutse kuravira kwemudzimai wemunyika. Anoda nyika; anofarira kutapira kwayo. Saka ane sefa yemudzimai uyu, asi ari kure kwazvo nokuva mudzimai anofunga. Asi hezvoka izvo. Ndipo pandakawana chidzidzo chino.

⁷⁶ Kwete, haasi mu—mudzimai anofunga. Dai aifunga, aiziva kuti kereke haisi kuzomotonga neZuva rokupedzisira. Kereke iri kumuyera nhasi nehunhengo hwake, kutendeka kwake kune mapoka aanowadzana nawo nemasosaiti. Vari kumuyera iye zvino naizvozvo. Asi Mwari vari kuzomotonga neZuva rokupedzisira. Saka haasi kufunga.

⁷⁷ Sezvakangoita murume ari kuputa; anoda mudzanga zvakananyanya kusvikira mufungo wake unenge wabatwa nechiveve nokuda kwenikotini. Uye zvishuwo zvemudzimai zvabata pfungwa dzake nechiveve kusvikira anoita zvinhu izvi zvakaipa pamberi paShe, nokuti anoda kuzviita; zvinogutsa kuravira kwemudzimai wemunyika. Saka anotora sefa yekereke yemunyika; anonyatsopfuura nemairi, zvakanaka, hapana chinonetsa. Zvinoratidza . . .

⁷⁸ Iye zvino tinoona kuti izvozvo iChokwadi. Zvino mufudzi anoti, “Zvakanaka. Hatipomere madzimai kana vachiita zvakadaro. Zvakanaka.” Pane chivi chakawanda imomo; chinopinda nemusefa yake. Zvinoratidza kuti vakapfuura nemusefa yedzidzo yemagwaro. Uye vane kuravira kwedzidzo yemagwaro; uye vanga vaine kuravira kwedzidzo yemagwaro. Asi zvezvirokwazvo haina kupfuura nemuSefa yaMwari. Kwete, changamire.

⁷⁹ Zvino, kana paine sefa yedzidzo yemagwaro kumunhu anofunga zvedzidzo yemagwaro, uye pane sefa yekereke yemunhu anofunga zvekereke, sefa yemudzanga yemunhu anofunga zvemudzanga, panofanira kunge paine sefa yemazvirokwazvo pane imwe nzvimbo yemunhu anofunga kwazvo. Uye Mwari vane Sefa, zvino ndiro Shoko raVo. Rinopatsanura, nokuti Imvura dzepatsanuro kuchivi. Zvino,

ndiye munhu anofunga kana kuti kuravira kwemunhu mutsvene.

⁸⁰ Zvino kana munhu akapfuura nemumhando yakadai yesefa yemunyika, a—ane kuravira kwemunyika. Uye sekambani yefodya, anowana nhengo dzakawanda mukereke make paanovasairira nemusefa iyoyi. Kana vakati, “Pane madzimai akawanda anoenda kukereke kudarika varume.” Zvinogona kunge zviri izvo. Zvino, izvozvo zvinogona kunge zvose zviri zvechokwadi, kana achikwanisa kuenda achinoita chero chose chaanoda. Ndizvozvo chaizvo. Mudzimai anozviita, anozvibanidza nechese-chese, asi apfuura nemusefa yekereke iyoyo. Dai aipfuura nemuSefa yaMwari, aizobuda akasiyana naizvozvo. Maona? Haaikwanisa kupfuura nemuSefa yaMwari obuda aine vhudzi rakagerwa. Haatombokwanisi kuzviita.

⁸¹ Iye zvino izvi zvichange zvichiti vavei zvi—zvishoma kune mumwe munhu. Asi paakatanga kupfuura nemuSefa yaMwari, uye Yotaura imomo kuti vasagere vhudzi ravo, zvino (chii?) anobva agara kune rimwe divi. Kana Ikati chivi kuti mudzimai aite zvakati, uye anonyangadza kuita zvakadaro.

“Kana achida kuzviita,” anoti, “saka, anofanira kuva nevhudzi rake rakachekwa.”

Zvakanzi, zvino, “Riveure rose zvino.” Uye ndokuti, “Tinoziva kuti zvinonyadzisa kuti mudzimai ange akaveurwa musoro.” Ndokuti, “Nokudaro ngaave nemusoro wake wakafukidzwa.” Zvino vhudzi rake ndiro chifukidzo chake; kwete nguwani, mudzimai. Vhudzi rake ndiro chifukidzo chake, Bhaibheri rakataura kudaro. Ndizvozvo. Zvinoratidza kuti muNazire kunaShe. Vhudzi refu, kumudzimai, rinoreva muNazire kunaShe. Zvino, tinoona kuti ichocho ichokwadi.

⁸² Asi tinoona kana munhu anonzi anofunga, sokutaura kwavanoita munyika, achigona kuputa uye achiwana kuravira kwake, anofanira kunge aine njere dzakakwana kuziva kuti ari kuwana tara kubva mufodya. Asi zvoga, zvazvaita, kumutengesera yakawedzerwa, kumuita kuti awedzere midzanga yaanotenga.

⁸³ Zvino sefa yekereke inowana nhengo nezvinhu zvakadaro kana vachivarega vachipinda nechero chinhu uye voramba vari nhengo dzekereke, vanowana nhengo dzakawanda. Ko toti taenda kumakereke nhasi manheru tosefera kunze munhu wese kunze kweavo vari Makristu echokwadi vakabarwa neShoko. Panezenge paine mharidzo dzakawanda dzinenge dzisina wokudziparidzira manheru ano, ichokwadi, nokuti yapfuura nemuSefa.

⁸⁴ Uye kana ndiine chishuwo chimwe chete mumoyo mangu, uye ndine tariro yokuti munhu wese ari kunditeerera ane chinhu chimwe chete, “Mwari, ndipfuudzei nemuSefa yeNyu.” Sokutaura kwakaita Dhavhidhi, “Ndiyedzei, uye ndiyedzei, uye

mugoono kana paine chakaipa mandiri, zvararo chibvisei, Isha.” Maona? Ndinoda Sefa yaMwari. Handina basa nezvinoitwa nenyika, izvo zvine kereke; ndinoda kuva munhu anofunga, kufunga waNdichazomira naye rimwe remazuva, paKutongwa.

⁸⁵ Cherechedzai, kambani yefodya inozviita kuti iwedzere midzanga yekutengesa; kereke inozviita kuti iwedzere nhengo. Mudzimai ane vhudzi pfupi, akapfeka zvikabudura, anobatwa muSefa yaMwari. Haaikwanisa kupfuura nemaIri, aine vhudzi pfupi, nokuti Bhaibheri rakati haafanire kuzviita. Anozvidza musoro wake paanozviita. Tinofanira kuzviziva. Asi anopfura nemukereke zvisina dambudziko, nevamwe vacho vose. Ndinomira pane dzimwe nguva . . .

⁸⁶ Pasina wandiri kushora; hapana munhu wandinotaura nezvake, asi chivi chiri mukereke. Munondipupurira pamusoro pazvo. Handina kumboti, “Muzviri *Nhingi-nhingi* ari *zvakati-zvakati*, kana *VaNhingi-nhingi*, kana Rev. *Nhingi-nhingi* ari *zvakati-zvakati*.” Kwete, changamire. Ndinoti chivi chivi. Kana chiri mumhuri yangu, chiri mandiri, chiri muna chero ani hake, chichingori chivi. Kwete sedungamunhu, handitaure zvichipesana nemumwe munhu. Ndinotaura ndichipesana nechivi. Handina basa kana ndiri ini kana kuti angave ani, ukatanga kupfuura nemuSefa yaMwari, chivi chose chinokumisa pakare ipapo.

⁸⁷ Cherechedzai. Asi mudzimai anoda kuva nevhudzi pfupi uye achipfeka zvikabudura, kana kupenda pamwe nechero hacho, anokwanisa kupfuura nemusefa yePentekosti zviri nyore sepai, hapana chinhu pazviri, achinyatsoenda murufu. Nokuti, iyeye . . . Mudzimai anoti, “Handiti, hapana chakaipa ipapo.”

“Kana uchida nyika kana zvinhu zvemunyika, nokuda kwekuti rudo rwaMwari harutombori mauri.”

⁸⁸ Zasi nemumweya uyu, zvino, anokwanisa kudhonzera mumunhu wake wemukati, zvinhu zvisiri zvaMwari uye zvinopesana neShoko raMwari, kana kuri iko kuravira kuri mumunhu wemukati. Zvinogona kuuya nekuravira; *kuona, kuravira*. . . Zvinogona kuuya nekufunga, nemunjere, “Hapana chakaipa mazviri. Ndine kuravira. Ndine manzwiwo emuviri. Ndine manzwiwo ekuti ichi chakanaka.” Mudzimai anokwanisa kuuya achidzika neimomo, uye zvichidzika mumunhu wake wemukati, kana munhu wake wemukati ari mhando iyoyo. Zvinoratidza kuti haasi kupfuura nemuSefa yaMwari.

Asi kana aine vhudzi rakagerwa, achizora pendi, zvikabudura, midhebe, achiratidzika semurume, yose midhebe iyi uye chero zvavanozvidana; vachitaura zvinhu zvehando yakadaro, uye nokuita zvinhu zvakadaro, uye uchiraramira nyika, anomira; haakwanise kupfuura neImomo. Kwete, changamire. Inomumisa pakutanga chaipo.

⁸⁹ Cherechedzai, murume achitarisa miromo yake yakanaka mitsvuku pamwe nechiso chakapendwa, nezvikabudura ne—nemabhikini, nechero zvaanenge ainazvo; murume chaiye anofunga haambomutarisa. Zvino, murume anenge ari nhengo yekereke anomutarisa, omuyemura. Asi handina basa kuti anoratidzika zvakadini kumaziso, murume anofunga anotendeutsa musoro wake. Sei? Akapfuura nemuSefa yaMwari, uye anoziva kuti kumutarisa kuita upombwe mumoyo make. Haambofungi kuti akarurama pachiso.

Unoti, “Haasi chinhu chakanaka here!”

Kwete kwaari haana kudaro. NdiJezebheri asina maturo anosemesa, anonzwisa urombo, kumurume anofunga. Mwanakomana waMwari anomutarisa nokunyara kuti iye ndewekumhuri yemudzimai uyu. Ndizvozvo chaizvo. “Ko angazova sei hanzvadzi yangu uye achiita zvakadaro?”

⁹⁰ Munoono, akapfuura nemune imwe sefa, zvino iye akapfuura nemune imwe. Haazombofungi kuti akarurama, kwete zvachose. Harwusi runako kumunhu waMwari wechokwadi.

⁹¹ Rangarirai, imwe nguva Ropa raJesu Kristu risati rava iro Sefa, sezvatichasvika kwazviri mumaminiti mashoma, “Vanakomana vaMwari vakatarisa vanasikana vevanhu, kuti vakanga vakarurama pachiso, zvino ndokuzvitorera vakadzi.” Mwari havana kumbozviregerera. Zvakare zvakaitika, pakufamba kweIsraeri, uye Mwari havana kumbovaregerera. Mumwe nomumwe wavo akaparara.

Sefa yemunhu anofunga!

Ndakabuda mumusangano pano; paiva nekaricky kaive kakamira kumashure kuno seri kwechechi umwe usiku, ndokuti kwandiri, angaita makore matatu kana mana apfuura, ndokuti, “Chikonzero muchitaura zvakadaro, mave mutana.” Ndokuti, “Ndinofunga kuti vanoratidzika zvakanaka.”

Ndikati, “Ndinogona kufungidzira kudaro.” Kungobva pamaratidzikiro ake, unogona kuona zvaari. Ndakati, “Rega ndikuudze chimwe chinhu. Une makore mangani ekuberekwa?”

“Anenge makumi matatu ekuzvarwa.”

⁹² Ndikati, “Pandaive muduku kwauri nemakore gumi nemashanu, ndaifunga zvimwe chetezvo.” Ndizvozvo. Ichingori tsvina!

⁹³ Sefa yemunhu anofunga! Zvino cherechedzai, dai akange, pfungwa yake yakasefwa nemuShoko raMwari, Sefa yaMwari, haambomutarisi. Haazombofungi kuti akarurama pachiso; anofunga kuti ndiJezebheri. Anozofunga kuti, seri kwemiromo mitsvuku iyoyo kune mazino enyoka ane chepfu anozomuruma. Zvino Bhaibheri rakati, “Masuwo ake masuwo egehena; zvino murume anofamba achipinda maari senzombe iri kuenda kunouraiwa.” Heinoi Sefa yemunhu anofunga.

⁹⁴ Chii chaunoshuwira? Kana mudzimai akauya achidzika nemugwagwa akapfeka zvakadaro, zvino imi varume motendeutsa musoro wenyu, wotarisa-tarisa saizvozvo, hausi kushandisa Sefa yemunhu anofunga. Nokuti, paunodaro, uri kuita choupombwe, nokuti Sefa yakati, “Uyo anotarisa mudzimai omuchiva atoita upombwe naye nechekare.” Tendeutsa musoro wako, murume anofunga. Ibva paari. Haana kururama. Inyoka; ndizvozvo, anozvonyongoka sayo, anoita sayo, anoruma sayo. Garira kure naye.

⁹⁵ O, hongu, Shoko raMwari iSefa yemunhu anofunga. Chero munhu hake anozviza izvozvo. Ndipo panosefwa munhu wako wemukati, Shoko raMwari. Uye Inoita kuti, kana uchinge wapfuura nemuna Mwari. . . Kana munhu anofunga achinge apfuura nemuSefa yaMwari, zvinomupa kuravira kwemunhu mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Kana uchinge wapfuura nemuSefa yaMwari, zvadaro kuravira kwako kunenge kwave kuravira kwemunhu mutsvene. Kunoita kuravira kwemunhu akarurama. Chitaurwa zvezvirokwazvo chakanaka.

⁹⁶ Zvino tinoona kuti zvakaitwa sei mumufananidzo, muIsraeri, kuitira ungoro yeIsraeri bedzi. Ndicho chikonzero, mukutaura izvi zvino, kana vashumiri vakasawirirana pane chimwe chinhu chataurwa; izvi ndezveungano yangu iyo Ishe vakandipa kuti—kuti ndivaparidzire.

⁹⁷ Cherechedzai munaEksodho 19, ndinoda kuti muiverenge muchinge maenda kumba, pamunenge muine nguva yakawanda. Cherechedzai, Israeri payainge yaita chivi, kutanga vaitora tsiru dzvuku risina kumbobvira rakaiswa joki muhuro maro. Zvinoziva kuti harina kumbobvira rabatanidzwa nechimwe chinhu.

⁹⁸ Uye raifanira kunge riri dzvuku. Ruvara rwutsvuku ruvara rwe—rweyananiso. Munoziva, sainzi inoziva kuti mukatora chitsvuku wochitarisa nemuchitsvuku, kune chitsvuku, chinoita chichena. Tarisa chitsvuku, nemuchitsvuku, chichena. Vanotarisa nemuRopa dzvuku raIshe Jesu, zvino zvivi zvedu zvitsvuku zvinobva zvava zvichena sechando; chitsvuku nemuchitsvuku.

Zvino tsiru dzvuku raiuraiwa panguva dzemadekwana, neungano yose yeIsraeri.

Zvino pakaiswa mitsara minomwe yeropa rayo pamukova apo ungoro yose yeIsraeri pavaipinda napo; uri mufananidzo weMazera Manomwe eKereke, neRopa.

⁹⁹ Zvino mutumbi wayo waitorwa wopiswa. Waipiswa nemazondo, nedehwe, nematumbu, nendove. Zvose zvaipiswa, pamwe chete.

Zvino yaifanira kutorwa nemunhu akachena, uye aifanira kuiisa panzvimo yakachena kunze kweungano. Naizvozvo, dai Israeri yakagona kuona mufananidzo! Rino Shoko raMwari

harifanire kubatwa nemawoko ane tsvina yekusatenda. Anofanira kunge ari munhu akachena. Zvino kana akachena, aifanira kuuya nemuSefa yaMwari.

Munhu akachena, mawoko akachena, uye yaifanira kuchengetwa panzvimbo yakachena; kwete nzvimbo iyo vanaJezeberhi, navanaRiki, nezvose zvichidya; nokutora chirairo nezvimwe, apo vachimhanya-mhanya nemadzimai, nezvikomba, nemhando dzose dzetsvina; vachienda kumadhanzi nemapati, uye vaine vhudzi rakagerwa, nezvikabudura, nezvimwe zvose, uye vachizvidana kuti Makristu. Inofanira kuchengetwa munzvimbo yakachena, uye ichibatwa nemawoko akachena.

¹⁰⁰ Zvino apo Israeri payakatadza, uye vakacherechedza kuti vakanga vakanganisa, zvararo vaizosaswa nemadota etsiru iri, pavari. Zvino ndiyo yaiva mvura yepatsanuro, kucheneswa kwechivi.

¹⁰¹ Cherechedzai. Hezvinoi izvi! Zvino apo Israeri, vasati vauya kuzoyanana mukunamata, vaifanira kutanga vapfuura nemumvura dzepatsanuro. “Kururamiswa nekutenda; kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko.”

Zvararo vaizopinda muungano vari pasi pemitsara minomwe iya, yeropa, kuratidza kuti chimwe chinhu chakafa ndokuenda mberi kwavo, kuitira chivi chavo. Vakapatsanurwa nokunzwa Shoko, mvura dzepatsanuro, zvararo vozopinda mukuyanana.

¹⁰² Nzvimbo yoga iyo Mwari yavaisangana nemunhu paive pasi pehurongwa uhu. Havaimbosangana naye kumwewo hako. Aitofanira kuuya pasi pehurongwa ihwoho. Mwari vaisangana bedzi neIsraeri panzvimbo imwe chete.

Uye Mwari vanosangana newe nhasi panzvimbo imwe chete, zvino ndemunaJesu Kristu; uye iYe iShoko, mvura dzepatsanuro. Zvino Ropa raKe rakadeurirwa ose Mazera Manomwe eKereke. Uye zvararo, kubudikidza neMweya Mutsvene, tinopinda mukuyanana kuya, uko kunongopiwa kuKereke bedzi. O, Mukuru zvakadii!

¹⁰³ Uyezve, zvino, tinoda kutarisa vaEfeso 5:26, yakati, “Kushambwa nemvura kubudikidza neShoko,” mvura dzepatsanuro. Chii chaDzinoita? Zvino, Sefa yaMwari iShoko. Mvura dzepatsanuro, “kushambwa nemvura, dzepatsanuro, kubudikidza neShoko,” Sefa yaMwari.

¹⁰⁴ Zvararo, haukwanise kuuya munaKristu nemusefa yekereke. Haukwanise kuuya nemusefa yesangano kana sefa yechitendwa. Panongori neSefa imwe chete, yaunokwanisa kupinda munzvimbo tsvene, ndiko kubudikidza “nekushambwa nemvura kubudikidza neShoko.” Shoko raMwari ndiyo Sefa yemunhu anofunga.

¹⁰⁵ Kereke ichakuyera pano kuti uri nhengo yakanaka here, kana kuti kwete. Vanokuitira mariro akanaka, mureza wosimudzwa kungosvika pakati pebango paunofa, votumira zvitsumbu zvikuru zvemaruva no—nokukuitira zvose. Asi kana zvasvika zasi kumunhu wako wemukati achizosangana naMwari, anofanira kunge aine Hupenyu Husingaperi. Uye kana huri Hupenyu Husingaperi, ihwo chikamu cheShoko. Uye seshoko rangu pachangu harikwanise kuramba . . .

Ruwoko rwangu harukwanise kuramba ruwoko rwangu. Meso angu haakwanise kuramba ruwoko rwangu, kana tsoka yangu, kana chigunwe changu, kana chero hayo nhengo yangu. Hazvigone kuiramba.

Uye kanawo murume ari chikamu cheShoko raMwari, kana mudzimai, ogoramba chikamu chimwe chete cheShoko raMwari. Zvadaro, madzimai, kana muchifunga kuti munogona kuva nevhudzi rakagerwa zvino mogouya muHupo hwaMwari, muri kukanganisa. Muri kuzviona? Muri kukanganisa; haukwanise kuuya nemuSefa yaMwari apo paunoshambwa nemvura yeShoko. Zvino wozopinda mukuyana. Unofunga kuti ndizvo zvauro, asi haukwanise kusvikira wauya nemuShoko, nechikamu chose chiduku, neShoko rose duku raMwari. “Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko rose.” Zvinofanira kuuya nemukusefwa uku, zvichipfuura. Uye zvinopa kuravira kwemunhu akarurama, nokuti ndizvo zvaari kutsvaka, kutsvaka chimwe chinhu chinomuchenesa.

¹⁰⁶ Shoko, Shoko raMwari iSefa yemunhu anofunga, uye Rinogadzira kuravira kwemunhu akarurama. Tinoziva kuti ichokwadi; rinosefera chivi chose chokusatenda kunze. Hapachisina kupokana kana uchinge wapfuura nemuSefa, nokuti kuravira kwemutendi wechokwadi.

¹⁰⁷ Mutendi wechokwadi anoda kunge ari pane zvakanaka, zvisinei kuti kunei. Haangodi chete kuti, “Zvakanaka, ndiri weboka remunharaunda. Ndiri nhengo yekereke, kereke hurusa muguta.” Handina basa kana iri nzvimbo duku mukona, kana chiri chidumba chekunamatira, pane imwe nzvimbo, munhu anofunga anoziva kuti anofanira kusangana naMwari. Uye zvisinei nezvinotaurwa nekereke, kana zvinotaurwa nemumwe munhu, anofanira kuuya nenzira yaMwari. Zvino nzira yaMwari iShoko raMwari.

“Zvakanaka,” vanoti, “Shoko raMwari.”

Chokwadi, vose vanotenda kuti IShoko raMwari, asi unokwanisa here kusefwa uchipfuura nemaRiri? Ko uchaita sei kuti mudzimai ane vhudzi rakagerwa apfuure naiMomo? Uchazviita sei? Ko uchazviita sei kuti murume apfuure neImomo iye asingabatirane neDzidziso ino iyi? Maona?

Hakusi kuravira kwemunhu anofunga. Kwete. Munhu anofunga anofunga, munhu anofunga anofunga kaviri asati asvetukira mune chinhu chakadaro.

¹⁰⁸ Cherechedzai, Shoko iroro harigone kuZviramba. Zvadaro rinogutswa, kana kuti chishuwo. Chishuwo chei? Chii chakuita kuti uRishuve, pakutanga? Nokuti zasi mumunhu wako wemukati makanga muine mbeu yakatemerwa yaiva Hupenyu Husingaperi, hwakagara nguva dzose hurimo, nguva dzose hwaivemo. “Avo vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri. Hapana kana mumwe chete wavo achazorasika.”

¹⁰⁹ Kuravira kwemunhu anofunga, kana munhu anofunga achinge anzwa Shoko raMwari, “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu, mweni haangangomuteveri,” nokuti zasi imomo mune Hupenyu, zvino Hupenyu hunobatana neHupenyu.

Chivi chinobatana nechivi, uye chivi chine hunyengeri kwazvo kusvikira unofunga kuti wakaponeswa apo iwe usina kuponeswa. Chiri muhudzamu wehunyengeri.

¹¹⁰ Nhengo dzekereke dzinoda sefa yesangano kuitira kuti vagova nezvishuvo zvavo uye vagoramba vachinzi vanhu “vanamati.” Unovanzwa vachiti, “O, anonamata kwazvo.”

¹¹¹ MuAfrica, ndaiveko rimwe zuva, zvino vakanga vari kutaura nezvazvo, vamwe vana vakanga vari kutaura pamusoro pedzimbo dze rock-and-roll Elvis Presley nevamwe dzavaiimba, Pat Boone nevamwewozve, Ricky Nelson nevamwe vose. Ndakati, “Iboka ravapanduki.”

Kamwe kasikana kaduku kakati, “Handiti, munhu anoita zvokunamata kwazvo.”

¹¹² Ndikati, “Ndizvo zvaivawo zvakaita Judhasi.” Ndakati, “Judhasi akangowana masirivheri makumi matatu; Elvis Presley akawana mamiriyoni emadhora akawanda.” Maona? “Vari vaviri vakatengesa kodzero dzavo dzehudangwe.” Maona? Ndakati, “Ivo hapa-...chikwereti chikurusa chenyika ino.” Zvakadaro, zvichingonyengera sesefa yemudzanga, masangano aya anorega nhengo idzi dzichiuya imomo. Havatombofanirwe... Panofanira kuva nemutemo wekuti havafanire kuimba dzimbo dzekunamata. Zvinopesana...zvinofanira kunge zvichipesana nemutemo kana vakazviita.

Asi nyaya yacho yose yangova zimurwi rakakura rehunyengeri, zvino ndipo pavanogara nhasi. Yechokwadi Sef-... [Chibenga patepi—Mupepeti.] yemunhu wemukati, inoti, “Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutomborimo mauri.”

¹¹³ Munoono, haukwanise—haukwanise kuti rock-and-roll ndeyemunyika...kana kuti ndeyaMwari. Rock-and-roll ndeyemunyika. Chero api hawo ematambiro uye akasefwa...

zvinhu zvakashata zvinonyangadza, waro, ndezvemunyika. Zvose ndezvemunyika.

Haukwanise kuti vhudzi rakagerwa remudzimai ndezvaMwari. Bhaibheri rinoti hazvisi, saka itsvina yenyika. Zvino kana uchida kachidimbu kaduku kenyika, rudo rwaMwari harutombori mauri. Maona?

¹¹⁴ Chii ichocho? Saka, chii chiri kuikweva? Chimwe chinhu chiri zasi mukati chiri kukweva. Munhu wemukati ari kudhonza zvaunoda zvichibva nekunze, zvichidzika nemumweya, zvichipinda mumunhu wemukati. Zvino kana munhu wemukati achida nyika, akafa. Handina basa kuti wakazodzwa zvakadini, uri kunze *kuno*, uye kuti wakarurama zvakadini kunze *kuno*; zasi *kuno* wakafa. “Nokuti uyo anoda nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutombori maari,” zvisinei kuti munamati zvakadini.

¹¹⁵ Sefa yechokwadi, nenzira iyoyo, ino—inosiya zvinhu zvose izvozvo kunze younza bedzi huzvokwadi hwaMwari, Shoko, mumunhu wemukati chaiye wechokwadi.

¹¹⁶ Vakafanana naEsau, kunze vakanaka. Esau aiva munhu wezvekunamata kunze. Zvino kana zvasvika pachinamato, aiita semunamati anodarika Jakobho. Airatidzika kuva munhu ari nani pane zvaiva Jakobho, asi mukati make, ndizvo zvaave. Kunze aive munamati, asi kufunga kwake kwakange kusina kusefwa. Haana kufunga zvakanaka nezvekodzera yehudangwe. Iye—iye haana kufunga kuti Mwari, kodzero yehudangwe inonyatsoreva chaizvo sezvakaaurwa naMwari kuti iri. Heunoi uyo, akati, “Ndave nenzara, zvinoita mutsauko wei nezvehudangwe? Unogona kuhuwana kana uchihuda.” O, ini zvangu! Maona?

“Ndinoenda kukereke; ndakanganaka sezvawakaitawo iwe. Sangano rangu rakango... Handiti, ndiro rimwe remakurusa panyika. Amai vangu vakanga vachipinda imomo. Baba vangu vakanga vachipinda imomo. Zvose *izvi*, *izvo*, *nezvimwe*. Mufudzi wangu akadzidza; ane *zvakati-nezvokuti*.” Izvozvo zvinotowedzera kumubvisa pana Mwari. Haisi Sefa yemunhu anofunga.

Dai zvaikwanisika, ko Petro aizova sei izvo zvaave, apo akanga asingagone kana kusaina zita rake? Asi akanga akatakura Sefa yemunhu anofunga. Cherechedzai. O, ini zvangu!

¹¹⁷ Esau akafunga kuti kodzero yehudangwe iyi yakanga isingarevi zvakaaurwa naMwari kuti inoreva. Ndiho hwaive mutsauko pakati peHupenyu nerufu. Uyewo, saEvha uye saJudhasi, vakatengesa hudangwe kuti vagutse havi yezivo yebudiriro yehungwaru. Ndizvozvo chaizvo izvo Evha akatengesera kodzero dzake dzehudangwe. Akahutengesera kuti aravire sainzi zvishoma, kakuravira zivo yenyika zvishoma,

kereke iri nani zvisihoma, boka revanhu riri nani zvisihoma, madaniro avangazviita nhasi. Maona?

Zvino Judhasi akatengesa hudangwe hwake nemasirivheri makumi matatu, uye nokuitawo mamwe madhora mashoma epadivi. “Ungano yangu inogona kundibhadhara zviri nani kuno uku, zvino ndichangoparidza ndiri kuno uku.” Maona? “Saka, kana ndikazova muparidzi, zvakanaka . . .”

¹¹⁸ Vakati, “Hama Branham, tinotenda kuti Mharidzo ndeyeChokwadi, asi hatikwanise kuIgamuchira. Kana tikadaro, ko, tingaparidzire kupiko?” Huh! Nyika, hama, ndiyo parish yacho. Zvirokwazvo. “Saka, hapana kana hama inozonditsigira.” Ini—ini hapana mumwe wehama wandiri kutsvaga kuti anditsigire. Ndiri kutsvaga Jesu Kristu kuti anditsigire, nokuti Akamira naYo. Iye ndiYe wacho AkaItaura.

¹¹⁹ Zvino kana hudangwe hwechokwadi, Ropa, rakasefwa neShoko; zvino chivi chose, nenyika, nekereke, nemasangano, nezvemapoka, zvinosiwa kunze. Dzidzo, budiro yehungwaru, kereke, sangano, hurongwa, chivi chemhando dzose zvinosara kunze kana munhu anofunga achinge atora Sefa yemunhu anofunga, pachiyero chaMwari.

¹²⁰ Hapana chinosara imomo kana munhu achinge apfuudza hupenyu hwake—hwake nemuSefa yaMwari; cherechedzai, pano hupenyu hwako hwakanga hwakakanganiswa nechivi, nokuti wakanga “wabarwa muchivi, ukaumbwa mukusarurama, ndokuuya munyika uchitaura nhema.”

Ndave kutaura chimwe chinhu, sokutaura kwaiwanzoita Hama McCullough. Teerera kwandiri.

¹²¹ Paunouya munyika ino, wakaberekerwa muchivi. Wakauya usitomborina kana mukana wekurwisa. Iwe “wakaberekerwa muchivi, ndokuumbwa mukusarurama, ndokuuya munyika uchireva nhema,” mukati memweya wako, havi yechivi, waida chivi nokuti wakaberekerwa muchivi. Wakanga usina mukana zvachose.

Asi zasi mukati mako, pane imwe nzvimbo, hepano pawakauya, pakanga paine chimwe chinhu imomo chakatanga kukweva. Kana wakamboziva, chakanga chiri chimwe chinhu chakakuudza kuti kuna Mwari pane imwe nzvimbo; zvino wakaverenga Shoko raKe. Zvadarwo wakaenda kukereke, wakatora pfungwa dzavo pawakaudzwa zviri nani, zvino hauna kuzoshandisa Sefa yemunhu anofunga. Asi kana uchinge washandisa Sefa yaMwari, inova Sefa yemunhu anofunga, nokuti, “Mamwe ose masefa achapfuura, asi yaNgu haizombopfuuri.” Zvino kana uchinge watora Sefa yaMwari wokweva upenyu hwako, zvisihuwo zvako; kana ukakweva zvisihuwo zvako nemuSefa yaMwari, Sefa yemunhu anofunga, hapana chinosara kunze kweMweya Mutsvene.

122 Zvino, kana uchida chiratidzo cheMweya Mutsvene, hechinoi ichi. Kana munhu wako wemukati achifambirana neShoko raMwari, pane zvose, zvinoratidza kuti wapfuudza hupenyu hwako nemuSefa yemunhu anofunga, Sefa yaMwari.

123 Cherechedzai, iSefa yaMwari here? Akati, “Takashambwa nemvura yeShoko.”

Zvino Mwari pavaKapa Adhama naEvha Sefa, mubindu reEdheni, Vakati, “Musakweva chero chipi hacho chezvino imomo.” Asi Satani akabvowora buri maIri, ndokuti, “O, iduku-duku, hapana chazvinoita.” Donhwe rimwe chete bedzi, nemo, ndizvo zvoga zvazvakatora kuisa rufu murudzi rwevanhu.

124 Ndizvo zvoga zvazvinotora, kakungoravira kamwe chete kenikotini, zvadaro vatoparara.

125 Hapana chasara kunze kweMweya Mutsvene.

126 Zvino zvadaro zvinoratidza kuti mauri maiva nembeu iya yakatemerwa zasi mauri, inokuita kuti uve nenzara yaMwari. “Avo vose Vandakapiwa naBaba, vavakaNdipa kuti ndidzikinure; vakafa pamwe chete neni paKarivhari; vakamuka pamwe chete neNi parumuko; vose vaVakaNdipa, vachauya kwaNdiri. Vachaiswa muMutumbi, pane tsoka, ruwoko, mhino, muromo, chero zvaangave; vachaiswa Imomo. Uye vachauya kwaNdiri mumwaka yavo.” O, ini zvangu!

127 Ndipo pane kusefwa chaiko kwechivi chose chemunyika, uye rudo rwenyika rwakafa, zvino munhu wemukati uyu ari kukweva chinhu chimwe chete bedzi. Hechinoi ichi, usarega . . . Rangarirai! Musazvikanganwa. Imi mose kunze uko muri panhara, gadzika izvi mupfungwa yako. Kana munhu anofunga akatanga kufunga uYo waachazomira pamberi pake, uye kuti Shoko raMwari chii; paanotanga kufunga, zvino paanokweva naIpapo, hapana chinokwanisa kusvikapo kunze kweMweya Mutsvene.

Chii? Chizenga, mbeu yeShoko kubva pakutanga, kuti waive muna Mwari pakutanga, wakamira pano uchikweva Hupenyu hwembeu. Mbeu yacho iri mumoyo mako, nokufanotemera. Hareruya! Mbeu yacho irimo nechekare, nokufanoziva kwaMwari, yakatemerwa. Zvino painokweva, hapana chimwe chainogona kukweva nemachiri kunze kweShoko.

Uye zvadaro kuravira kwemunhu anofunga, munhu akarurama, munhu mutsvene anoona Bhaibheri, kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro nokusingaperi. Chii chinouya imomo mumunzvimbo iri zasi uko? Shoko riya, riri mumoyo. “Ndakavanza Shoko reNyuu mumoyo mangu, kuti ndisaKutadzirei.”

Chii, kana richikweva nemuShoko? Panongori nechinhu chimwe chete chinogona kupfuura nemuShoko; ndiwo Mweya Mutsvene. Ndicho chinhu choga chinokwanisa kupfuura

nemuShoko, ndiwo Mweya Mutsvene. Uye Sefa yemunhu anofunga inopa kuravira kwemunhu mutsvene.

¹²⁸ Zvadaro, anenge aravira zvinhu zveKudenga; ane Shoko raMwari mumoyo make. AnoRiona richiratidzwa pamberi pake, uye munhu wake wese wemukati akaputirwa maRiri, uye nyika nezvinhu zvose zvakamupoterredza zvakafa.

¹²⁹ Sefa yemunhu anofunga, wechinamoto; uye ndiri kufunga zvekusefa chinamoto zvino. Kana Sefa yemunhu anofunga ichipa kuravira kwemunhu mutsvene, munoona, Inogutsa kuravira kwake. Anoona kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Hezvoka izvo. ToMuona ari chaipo pamberi pedu, achiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita; zvinogutsa kuravira kwemunhu mutsvene, kufunga kwake.

¹³⁰ Anoziva zvino kuti apfuura kubva murufu achipinda muHupenyu. Uye anoda, uye—uye—uye chido charwo chenyika. . .kuzosimbiswa, uye anoda Shoko kuti riratidzwe nokusimbiswa. Muzera roga-roga anoRimirira, nokuti munhu mutsvene uye ane chishuvo chokuona Mwari. Vamwe vanongoda kujoinha kereke. Murume uyu anoda kuona Mwari. HaaMuone ari mutsumbu rezvitendwa. HaaMuone ari mumaogani emapaipi makuru akanaka, kana mazichechi makuru, nemichinjikwa iri mudenga-denga, kana vadzidzi vakangwara vane makora akatenderedzwa. HaaMuone mudzidzo yemagwaro nemumudzidzi wemagwaro. AnoMuona mukusimbiswa kweShoko raKe.

NdinoMuona mumoto wekurindirwa kwaRo.

Meso angu akaona kubwinya kwekuuya kwaShe;

Ari kutsika-tsika chisviniro umo mazambiringa ehasha akachengeterwa;

Atupfunura mheni inouraya nemunondo waKe unotyisa unomhanya kwazvo;

Chokwadi chaKe chinoramba chichiforera mberi. (Chichadaro, kusvika kumagumo. Hongu, changamire.)

¹³¹ Munoona zvandiri kureva? Sefa, munhu. . .Kana, Sefa yemunhu anofunga; munhu anoda kumira muHupo hwaMwari. Chii chaiva Sefa yaMwari? Shoko raVo. “Zuva rauchaudya, ndiro zuva rauchafa.” Handina basa nezviri kuitika kunze uko; iwe usadarika Shoko iroro. “Kushambwa nemvura dzeShoko,” Sefa yemunhu anofunga. Kwete sangano, kwete chitendwa, kwete kereke, kwete zichechi guru; asi Sefa yemunhu anofunga, nokuti uchatongwa neShoko. Munhu anofunga anozvifunga izvozvo. Munhu benzi, kana kuravira kwenyika, anongotora chero chinhu, chinomiririra. Ko unotorerei chinotsiva ipo paine cheChokwadi chacho?

¹³² Fungai, chingofungai kweminiti. Mudzimai anotaura nendimi, aine vhudzi rakagerwa nependi pamuromo, zvadaro kereke yoramba yakabaturira pazviri, kuti ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene.

¹³³ Kana muparidzi anobva kuseminari kana chimwe chikoro cheBhaibheri, uchishandisa rubhabhatidzo rwehumwari hutatu, kana kurerutsa paShoko, kune chimwe chitendwa kana sangano. Ingava here Sefa yemunhu anofunga? Kwete nenzira yandinozviona nayo, hama. Ibenzi remunhu rinokweva nemo imomo. Ndizvozvo chaizvo. Ungazvifungidzirewo here izvozvo? Panzvimbo yokushandisa Shoko raMwari seSefa kuitira munhu wake wemukati; achirega chitendwa chakare nesangano zvichitutirana pamusoro pake saizvozvo, panzvimbo yokutora Shoko raMwari seSefa. Zvino anenge asvibiswa, pamwe nokuvarega vachimupakira dzidziso dzevanhu, vachiita zvinhu, “zvinopotsa zvanengera Vasanangurwa,” uye vachishaya hany’n’a neShoko.

Apo, aikwanisa kukweva kumunhu wake wemukati, ndokunge paine chimwe chinhu imomo chokukweva nacho. Asi kana mbeu iya yakatemerwa. . . Musapotsa izvi. Kana mbeu iya yakatemerwa isimo, haikwanise kukweva neImomo, nokuti inozvikwevera kuda kwayo.

¹³⁴ Kana munhu anoputa achida kuravira kwemunhu anoputa, zvino paanenge abata mudzanga. . . Ndoti, “Svisvina mumwe wako,” zvino omira ipapo achisvisvina munwe wake. [Hama Branham vanosvisvina munwe wavo, vachiratidza—Mupepeti.]

¹³⁵ Handiti, anoti, “Hupenzi.” Sei? Kuravira kwake ndekwenikotini. Saka, haasi munhu anofunga. Maona? Asi anoti, “Saka, handidaro, hapana chandinoravira. Ndinoda kuravira. . . ndinoda kuravira fodya. Hapana chandiri kunzwa mukwana.”

¹³⁶ Mupe pegi rokubata hanzu zvino womuita kuti arisvisvine. Maona? Chokwadi, murege achirisvisvina. Anoti, “Hapana chandiri kuravira.” Ko uri kurisvisvinirei, zvino? Une chishuwo chekuravira nikotini.

Zvino kana uri kusvisvina pachitendwa chekereke, uye nazvino imi madzimai monge muine vhudzi rakagerwa, zviso zvakapendwa, uye makapfeka hanzu dzinokwezva ruchiva; nemi imi varume munovatarisa, nezvimwe zvinhu zvose izvi, zvino moenderera muchiita izvo zvamuri kuita. Chii? Chii chiri imomo? Nyika ichirimo imomo, uye une kuravira. Uri kuisvisvina kuitira kuravira.

¹³⁷ “Ndinoenda kukereke *yakati*; havatombotaure nezvazvo. Hapana chavanotaura pamusoro peizvi, hapana pamusoro peizvo. Hapana chezvinhu izvozvi chinombotaurwa nezvacho. Muparidzi wedu anofunga zvakatambanuka kudarika

zvakadaro. Hatitaure zvinhu zvakadaro.” Chii? Une kuravira kwenyika ndiko kwauri kusvisvina. Ndizvo!

¹³⁸ Asi mudzimai anofunga haatore chinhu chemhando yakadaro. Anoziva kuti anofanira kunge ari mutsvene. Uye chinhu choga chaunogona kukweva nemuShoko raMwari Mweya, Simba rinomutsa kuita kuti Shoko pachaRo, riri mauri, rirarame kuratidza Jesu Kristu muzera rauri kurarama. Hareruya! Hama, kana ichi chisiri Chokwadi, handizive kuti Chokwadi chii. Ndarasikirwa nepfungwa dzangu kana ichi chisiri Chokwadi.

¹³⁹ IShoko pachezvaRo mumoyo mako, rakatemerwa imomo, riri kukweva. Zvino rinosvipira nyika iya kunze; hariide. Asi kana zvichinge zvasvika kuno muShoko, zvinotanga kukweva. Uye pazvinokweva nemuShoko, hapana chimwe kunze kweMweya Mutsvene kuti umutse Shoko.

¹⁴⁰ Zvino munhu anofunga, munamati Sefa yake iShoko, uye rinogutsa kuravira kuya kutsvene kuri mumoyo make; sefa yemunhu anofunga, kuravira kwemunhu mutsvene. O, ini zvangu, zvatiri mazviri!

¹⁴¹ Panzvimbo yokushandisa Sefa yaMwari kumunhu wake wemukati, ari kurega Satani achimunyengera nerimwe sangano kana chitendwa, chaizvo semakambani efodya ari kukunyengerai imi vanhu vanoputa midzanga. Munongowedzera bedzi dzimwe nhengo, uye ndizvo zvoga.

O, regai ndivhare mumaminitisi mashoma, ndichitaura izvi.

¹⁴² Raodhikia bofu! Tingapofomara zvakadini! Raodhikia bofu, ichtungamira mapofu ezera rino, pasi pekunyebera kwenhema, pasi pezvitendwa zvenhema, pasi pedzidziso dzenhema, pasi pesangano renhema, pasi pemabhuku ezvitendwa enhema. O, Raodhikia bofu, uchitungamira mapofu, muri kuenda mose makananga mugoronga!

¹⁴³ Shandura sefa yako manheru ano, muparidzi. Usakwevere nikotini iya yesangano muhurongwa hwako, yedzidziso nezvitendwa, apo zvakanzi naJesu, “Ani naani achawedzera shoko rimwe kwaRiri, kana kubvisa Shoko rimwe chete kubva kwaRiri.” Kana uchiudza ungoro yako kuti zvakanaka kuti madzimai vaite *zvakadaro*, nevarume avo kuti vaite *zvakadaro*, nezvimwe zvinhu zvose, *izvi* neizvo; chero bedzi vachigara vakatendeka kune *izvi* nokuita *zvokuti*, nokuchengeta zvitendwa izvi nezvinhu, haunyanire here?

“VaFarise mapofu,” Jesu akadaro.

¹⁴⁴ Zvino saJesu paakadanidzira, “VaFarise mapofu,” Mweya Mutsvene mumoyo mangu manheru ano unodanidzira, “Raodhikia bofu! Kangani apo Mwari angadai akakupa rumutsiriro! Asi zvino nguva yako yakwana; nguva yapfuura zvino. Wakaseka nokuita dambe nevanhu vakatumwa naMwari

kwaUri! Asi zvino nguva yako yakwana. O, United States, United States, handiti Mwari angadai akakuvhumbamira setse—tseketsa zvainoita nhiyo dzayo, asi wakaramba.” Zvino Inzwi rino riri kuenda kumahombekombe kusvika kune mamwe mahombekombe, kubva kuchamhembe kusvika kumawodzanyemba, nekumabvazuva kusvika kumadokero. Mwari vangadai vakakuvhumbamira, asi wakaramba! Zvino nguva yako yakwana.

¹⁴⁵ Ndudzi dziri kupamuka. Nyika iri kupamuka. Chimedu chayo chiri mazana gumi nemashanu emamaera, matatukana mazana mana emamaera kupamhama, chichanyura, zana...kana kuti mamaera makumi mana zvichidzika mumukaha mukuru kunze uko, rimwe ramazuva ano, uye masaisai achakwakuka zvokusvika kudunhu reKentucky. Zvino pazvichadaro, zvichazunguza nyika zvakaomarara kwazvo zvokuti zvose zvinenge zviri pamusoro zvichazunzirwa pasi.

¹⁴⁶ O, ndivanzei muDombo rezvizvarwa! Mwari, nditenderei, nditenderei. Femerai pandiri, Ishe. Mweya waMwari mupenyu, femerai pandiri. Regai nditore Sefa yaMwari ndigorarama pasi paYo, Ishe. Regai ndifeme mweya wakachena weMweya Mutsvene mumapapu angu, mumunhu wangu wemukati zuva nezuva, kuti ndisaKutadzirei, O Ishe. Femerai pandiri, Mweya Mutsvene, femerai pandiri! Ini . . .

¹⁴⁷ Regai ndidyera Shoko raMwari mumoyo mangu, ndotsunga ipapo kuti handichatendeukira kurudyi kana kuruboshwe, ndichibva paRiri, asi ndichararama zvakatendeka kwaRiri mazuva ose ehupenyu hwangu. O Mwari Baba, zvino tumirai kwandiri Mweya Mutsvene weHupenyu, kuti amutse Mashoko iwayo kwandiri, kuitira kuti ndigoratidza Jesu Kristu pamberi peavo vari pamberi pangu, vakatarisira kuti zviitike. Ndiwo munamoto wangu.

¹⁴⁸ O, ini zvangu! Cherechedzai maitiro avanoita nhasi mumakereke iwayo. Vachisvisvinisa vanhu nemumasefa iwayo emasangano, vachipinda muecumenical council. Sei? Sei? Nokuti zvinovapa chishuwo chemoyo wavo, sangano. Vane kuravira kunoda sangano. Vachazviita.

¹⁴⁹ Nguva yose Mwari pavanovatumira rumutsiriro, zvino, ivo, chii chavanoita? Vanorwuita sangano. Ndizvozvo here? Saka vane mhando yavo yesefa, nokuti vane kuravira kukuru. Uye zvino Mwari vari kuzovapa chishuwo chavo chekuravira kwavo. Vari kuzovapa...Vari kuvakwevera mukati chaimo meecumenical council, zvino vanowana kuravira kwavo kwesangano. Vanazvo zviri kuuya.

¹⁵⁰ O, kereke yeRaodhikia, usanyengerwe muzera rino, nehunyengeri hwavo. O, Pentekosti, iwe wapinda muRaodhikia, iwe uri chikamu cheRaodhikia, kereke yafa; kubudikidza neMethodisti, Baptisti, nePresibhatariani, chingori chimiro

chetsika. Asi imi maPentekosti muchiri kumboti pano neapo “ameni”; iwe unoridza mumhanzi wakawanda kwazvo papuratifomu, zvino wova nemadzimai akagerwa vhudzi achitamba kwese-kwese panzvimbo iyoyo, uye uchiramba uchitenda mukupodza kwaMwari; kanganiko apo Mwari vainge vakakutora, asi wakatora imwe sefa, sefa yesangano. Kangani apo Mwari vangadai vakakutora!

¹⁵¹ Zvainyengera zvakadini! Mateu 24:24, Jesu akataura kuti . . . “Zvaizonyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.” Uri pedyo zvakadini, sezvakaita Evha, uchingosiya kanhu kamwe chete kana zviviri zviduku zvausingagamuchire, nokuti wave sangano uye haukwanise kuRigamuchira. Ndizvo zvoga zvazvinotora. Chitongotora hako chinhu chacho chose, “Nokuti kutadza mune chidukusa, une mhosva mune zvose.” O!

¹⁵² Pentekosti, Pentekosti, pfuudza mufungo wako nemuSefa yaMwari, kwete nemuzvirototo zvesangano rako, zvino unozobuda uine kuravira kwemunhu mutsvene, rubhabhatidzo rwechokwadi rweMweya Mutsvene.

¹⁵³ Mungazvifungawo here kuti murume anorega mudzimai wake achidimbura vhudzi rake, nokupfeka zvikabudura, kana kupfeka midhebhe, uye oti ari kupfuura nemuSefa yemunhu anofunga? Mungafungidzire here murume achiita chinhu chakadaro?

¹⁵⁴ Ungafungidzire here muparidzi akamira mupurupiti, nokuti anobhadharwa zvakanaka neungano inomubhabhadzira kumusana, nokumudana kuti, “Chiremba, Hama, Reverend,” uye ichimuendesa kune mhando dzakasiyana dzemapati kwavanotuhwinha varume nemadzimai vakasangana pamwe chete, nezvimwe zvinhu zvose, pamahombekombe egungwa; ungazvifungidzire here kuti munhu anotaura kudaro ari kupfuura nemuSefa yemunhu anofunga?

¹⁵⁵ Uye vamwe vemadzimai ava vari papuratifomu, vaine marokwe avo ari pamusoro pemabvi avo, uye akachekwa zvinobata achiratidza chimiro chose, kufamba kwese kwavanoita, uye hanzu dzavo dzemukati dzichionekera nemumarokwe avo; zvakangoipa sokupfeka zvikabudura, mabhikini, kana zvimwewo zvinhu. Imi vaparidzi vePentekosti, mapofu, vemuRaodhikia, Mwari vachatsungirira nemi kusvikira riinhi, handizive. Ivai . . . Mwari vave netsitsi kune—kune meso enyu akapofomara. Vane mafuta emaziso manheru ano, ekuzarura meso enyu, kuitira kuti mugoono.

¹⁵⁶ Sokutaura kwandaita mangwanani ano, tiri muzera rekuona, repamusoro. Hapachisina imwe nhengo zve pamusoro pawo, yaunokwanisa kufambisa iri yekunze, kuti uzive. Iwe, kubva pamhino yako, unokwanisa kunhuwidza; kubva pamiromo yako, unogona kutaura; kubva pamawoko ako, unogona kunzwa nekubata nokusveverera; uye tsoka dzako,

nezvimwe zvakadaro; asi haukwanise kuenda mberi kudarika meso ako.

¹⁵⁷ Maraki 4 auya; kuona! “Zvino kuchava neChiedza nenguva dzamadekwana.” O, famba muChiedza!

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,
Chinouya apo madonhwe etsitsi akajeka;
Penya pose pandiri masikati neusiku,
Jesu, Shoko, Chiedza chenyika.

¹⁵⁸ Hongu, changamire. Pfuura nemaChiri, o, hama, unozobuda uine kuravira kwemunhu mutsvene, uine Mweya Mutsvene.

¹⁵⁹ O, mudzimai, chingosiya mafungiro ako emapfekero echimanjemanje. Siya mafungiro ako echimanjemanje, usati waenda mumugwagwa pamberi pemurume; imi madzimai echidiki, imi madzimai makuru, usati waenda mumugwagwa uine nguwo dzako dzinonyatsobata, dzichibuda kunze kumashure nokumberi. Handisi kutsoropodza. Ndiri hama yenyu. Ndakamira pakati pevapenyu nevakafa, uye ndichiziva zvandiri kutaura. Usati wabuda kunze, uye ziva kuti muviri wako hurongwa hwakayereswa, kana kuti chimiro chakayereswa chawakapiwa naMwari; usati wapinda mumugwagwa, wakapfeka zvakadaro, pfuudza pfungwa yako nemuSefa yemudzimai anofunga. Uye ngairangarire, kuti, “Uyo anokutarisa wokuchiva, watoita upombwe naye nechekare.” Zvirangarire izvozvo, hanzvadzi.

¹⁶⁰ Uye, hama, usati watendeutsa musoro wako kuti umutarise, pakumutarisa kuya kechipiri, pfuudza pfungwa yako nemuSefa yemunhu anofunga. Unobuda wava nekuravira kwemunhu mutsvene, munoono, kwekuita zvakanaka.

¹⁶¹ Cherechedzai, kana ukapfuudza pfungwa yako nemuSefa yemudzimai anofunga, unobudamo wava nerokwe remudzimai mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Unobudamo, hama, uine matarisiro emunhu mutsvene. Zvino, chinongori chinhu chimwe chete.

Chinhu chose chaunoita, chipfuudze nemuSefa yeShoko raMwari, woona kana chakanaka kana kuti chakaipa.

¹⁶² Unobudamo uine rokwe remudzimai mutsvene, uine vhudzi refu, wakapfeka zvakadzikama; mweya wakanyarara, wakaninipa; kwete unongoita gakava, nekurwa nekungoenderera. “Mweya wakanyarara, munyoro, unova pfuma huru kubva kunaMwari.” Bhaibheri rakataura kudaro.

Iye zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, kunze uko munyika. Tiri kuzovhara mumaminiti mashoma.

¹⁶³ Iye zvino isu tose, manheru ano, ngatitarisei zvisihuwo zvedu, zvino unozogona kuona mhando yesefa yawanga uchikweva nemairi. Ngatitarisei, mumwe nomumwe wedu, pano nekunze munyika yose. Tarisa zvisihuwo zvako, zvaunonyatsoda

muhupenyu. Tarisa zvauri kurwira. Tarisa zvawavinga pano. Tarisa zvaunoendera kuchechi. Chii chinokuita... Zvakana kuenda kuchechi, asi usangoenda kuchechi bedzi; izvozvo hazvikuponese. Maona? Chingotarisa kwemaminitsi mashoma, iti, “Ko chinangwa changu... I—imhandoi yesefa yandiri kukweva nemairi, zvakadaro?”

Zvino kana usingafambirane neShoko raMwari, uye munhu wako wemukati asiri kuzviita, zvadaro pane chakatsveyama; nokuti zvinoratidza kuravira kwako, kuti hupenyu... imhandoi yehupenyu huri mauri. Kana huri hutsvene, hunozvidzora, hunoremekedzwa, hunobuda hwakadaro. Kana husina kudaro, une kumwe kuravira kuri mauri kwauri kukweva makuri. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino kana kuravira kuri Shoko raMwari nokuda kwaMwari, zvadaro unoziva zviri mauri, chiri kukweva kuravira ikoko. Zvinoratidza kuti uri chikamu cheShoko. Shoko iroro riri mauri, richikweva kubva muShoko.

¹⁶⁴ Ko Riri kukwevei? Riri kukweva nemuShoko, nokuti iwe uri chikamu cheMutumbi waKristu wezera rino. Zvino kana Shoko iroro riri mauri, Rinongogona bedzi kukweva nemuShoko, Mweya unomutsa Shoko iroro riri mauri. Shoko ringori roga harirarami. Ndicho chikonzero, “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri; uye kana Ndasimudzwa, Ndichakwevera vanhu vose kwaNdiri.” Maona? Munoono, “Baba,” chikamu cheMutumbi waKristu chiri munyika, chakatemerwa, chikaiswa mumoyo.

¹⁶⁵ Chero munhu anenge ari Mukristu wemazvirokwazvo, akazvarwa patsva nhasi, anoziva, kubvira achiri mwana muduku, kana kasikana kaduku, chero, kuti maiva nechimwe chinhu mauri chaiva nenzara yaMwari. Zvino wakaedza kujoinha machechi nezvimwe zvose; hazvina kushanda. Chaive chii? Raive Shoko iroro. Wakanga uri kuvhima Sefa. Zvino rimwe zuva Yakavaima pamberi pako; ndokuona Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvakagutsa kuravira uku. Maona?

Nokuti, hupenyu hwakanga huri mauri, huchikweva. Munoono, hupenyu huri mauri huri kukweva. Huri—huri kutaura zvishuwo zvaunazvo muno. Uri kukweva. Haukwandise kukweva *neumu*, *neumo*, *nemumwevo*. Unofanira kuwana Sefa chaiyo yakafanira, nokuti uri munhu anofunga. Maona?

¹⁶⁶ Kana uri munhu anofunga, wakatemerwa, kana kuti wakasefwa kare... nyika isati yavambwa.

¹⁶⁷ Zvino kana mushumiri wesangano akanzwa izvi, ndine tariro yokuti achatora Sefa yemunhu anofunga, kana ari mushumiri wesangano. Zvadaro anozokandira pasi chipakiti chesangano chiri kuzoparara zvezvirokwazvo, nokuti ishoko remunhu; zvino ogamuchira Shoko raMwari rakasefwa

risingagoni kukundika kana kupfuura, uye Rinogutsa kuravira kwemunhu mutsvene. Uye, saJakobho, achapira nyika yose nehavi yose yesangano rose kana mukurumbira, uyo uri munyika, umo maunokwanisa kuva bhishopi, kadhinari, kunyange ukagona kuva mukuru wedunhu rose, kana mufudzi weimwe kereke huru. Uchapira zvose zvinenge zviripo. Kwete saEsau, kuva chikamu cheniyika; asi saJakobho, unopa zvose zvauinazvo kuti ugowana hudangwe, Sefa yemunhu anofunga; nokuti Inokupa kuravira kwemunhu mutsvene. Uye Ichagutsa. Uye ichagutswa, uye ichachenesa nekuravira Kusingaperi kwekunaka kutsvene kwaMwari.

¹⁶⁸ Rangarirai, Satani akaboora buri rokutanga mupfungwa dzaEvha, kana kuti mafungiro ake, kuti kuravira kwehuchenjeri hwake nezivo zvipinde nemo.

¹⁶⁹ Iye zvino fungai pamusoro peizvi. Ndave kuvhara. Satani akaboora buri rokutanga neimomo, nokuti choga chaaikwanisa kukweva raive Shoko. Wakanga uri Mweya nemuShoko raMwari, nokuti akati, “Chero bedzi uchifema nemuSefa iyi, hauzofi; asi ukangofema kubva *apa*, uchafa.” Maona?

¹⁷⁰ Zvino Satani akati, “Asika hapana chaunoziva *pano*. Asi ukangoravira zvishoma pane izvi zviripo *pano*, zvino uchaziva; uchange wakafanana naMwari. Munoono, Anoziva chakanaka nechakaipa; iwe hauzive. Zvino dai wangoravira zvishoma *zveizvi*.” Zvino akamurega achiboora buri mairi, buri duku rimwe chete.

¹⁷¹ Zvino munoono kuti sei ndichiti... Munoti, “Sei musingadzidzise madzimai, nevamwe vakadaro, kuti vanogamuchira sei zvipo nezvinhu zvakadaro?”

¹⁷² Ndikati, “Ko unovadzidzisa sei algebra apo vasingatombodzidza maABC avo?”

Kaburi kaduku kamwe chete ndizvo zvoga zvazvakatora. Akatora huchenjeri hwenyika, zvino, pazvakadaro, zvakaaisa rufu pamhuri yose, nokungoda kuravira huchenjeri.

¹⁷³ Zvino tarisa sefa, uye zvirokwazvo yakaratidza kuravira kwake. Kuravira kwake kwaiva kwenyika; ndizvo zvaakawana. Ndizvo zvazviripo nhasi. Vanoda nyika nezvinhu zvenyika, vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho. Munoono, Satani anovarega vachitaura nendimi; anovarega vachidanidzira; anovarega vachiva neshumiro dzekupodza kwaMwari; anovarega vachiita mhando dzose dzezvinhu.

¹⁷⁴ Akati, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroro, zvino, ‘Ishe, handina kudzinga madhimoni, handina here kuita zvinhu zvakawanda, kuita *zvakati*?’” Achati, “Handitombokuzivi, iwe muiti vezvisakarurama.” Shoko parakanyatsoiswa pamberi pako zvino wakaramba uchisvisvina sefa iya yakare yenyika, munoono, zvinoratidza kuravira kwakanga kuri mumoyo.

175 Njiva hadzigone kudya nyama yakawora. Hadzigone kuidya. Hadzina kana nduru. Gunguwo rinogona kudya mbeu senjiva uye rigogona kudya nyama yakawora segunguwo, munoona, nokuti iro munyengeri. Asi njiva haina kugadzirwa sedzimwe shiri, zvino ndosaka Mwari vakazviratidza pachaVo seNjiva ichidzika kubva Kudenga. Maona? Haigone—haigone kufarira kunhuwa kwenyama yakawora. Haisi gora; nechikonzero chokuti, haina nduru. Haigone kuzvizeya mudumbu. Zvinoiuraya, kana ikazvidya.

Uye njiva hapana painombozviceza. Muviri wenjiva unobuditsa mafuta kubva mukati, anoiita kuti igare yakachena. Hupenyu huri munjiva; hunogadzira mairi mafuta anochengeta minhenga yayo kuti igare yakachena. Saka ndizvo zviriwo Mukristu; mune Hupenyu huri mavari hunovachengeta vakachena. Hwakasefwa.

176 O, cherechedzai! Zvino tarirai kwaari...kusefa, uye zvirokwazvo unokwanisa kuona kuravira kwacho, kwezvavari kuita nhasi.

177 Onai kereke iyi yechimanjemanje. Onai sefa yavo. Unogona kuona zvavanoda. Onai zvavanazvo. Rudo, chii chavanoda? Muzviri Raodhikia uyo ari kuenda paKutonga kwaMwari. Ndizvozvo chaizvo. Rudo, rudo rwekereke nhasi nderekuda Raodhikia, sangano guru, hurongwa hukuru, chinhu chikuru, chine mukurumbira, vanhu vakapfeka zvakanaka, vane tsika, vakazara nehuchenjeri, vakazara nemadhimoni, vari pasi pekunyengerwa nechurch of Christ. Pane shoko rimwe chete rinofanira kunge ririmo imomo, “anti-Christ.” Nokuti, zvose zvakadzidziswa naKristu, vanopesana nezvose hazvo; ndizvo, vanongori nezvinokwana kuti vagozvidana kudaro.

178 Zvino kana muri vanhu vanofunga manheru ano, pano nekunze munyika uko kuri kuenda Mharidzo, chishuwo chako chichange chiri kuravira kweBhaibheri, kwete kuravira kwesangano, nokuti uchatongwa neBhaibheri irori, Shoko randiri kukukumbira kuti usefe munhu wako wemukati nemariri. Zvino kuramba Shoko rimwe chete raRo, zvino worega kuti munhu wako wemukati asapfuure nemuShoko rimwe chete iroro, ucharambwa. “Nokuti munhu haangararame, kufema, nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.”

179 Richaunzwa mauri, rakatemerwa. Zvino kana Ishe vakafemera pauri, Mweya waVo uchamutsa Shoko iroro rova remazvirokwazvo, uye uchaona kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. O, ini zvangu!

180 Siya boka resangano remunyika, rezvekunamata. Rega rakarara sepakiti refodya riya musango. Siya riwore riparare. I—isefa isiri iyo. Zvino tora Shoko, rinova Kristu,

rinopa, nokusvika, nokuchengetedza kuravira kweHupenyu Husingaperi, kune wose anoRitora, Hupenyu Husingaperi.

¹⁸¹ Shoko, kana wakatemerwa, unoRiona. Hapana nzira yekuRivanza kubva kwauri. Unotarisa ipapo zvino woti, “Inga wani, Rakanyatsojeka pamberi pechiso changu! NdikaRitarisa; herinoi iRo. NdakanyatsoRitarisa. Ndiri kuRiona. Herinoi iRi, Shoko; Shoko rose, ringori Shoko neShoko, richirarama.” Zvadaropane kuravira kweHupenyu Husingaperi kwaunoda.

Zvino paunofema nemaRiri, chii chinogona kupfuura nemaRiri, Sefa yaMwari? Hapana chimwe kunze kweMweya; hapana nyika, zvachose; hapana kusatenda, zvachose. ISefa yaMwari. Zvino paunofema nemaIri, hapana chinogona kupfuura nemaIri kunze kweMweya Mutsvene.

¹⁸² Zvino wava nechiratidzo cheMweya Mutsvene, munooona, kuravira kwemurume kana mudzimai mutsvene. Vanoda kurarama. Vane Hupenyu Husingaperi. Uye nokuda kwekuti Shoko rino rakaitwa benyu kwavari, vanorarama; Sefa yemunhu anofunga, nekuravira kwemunhu mutsvene.

¹⁸³ Usatora nyika, semakambani aya efodya, pasi pokunyengera, asi tora Sefa chaiyo yemunhu anofunga. Sefa mweya waunofema, chikafu chaunodya, nezvose zvauro; zvifeme nemuShoko raMwari, zvino unowana kuravira kwemunhu mutsvene. Nokuti, Inogadzira izvozvo, nokuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

¹⁸⁴ Uye ndinoziva, zvisinei kuti tiri kana kuti hatisi... ndinotenda kuti tiri. Asi, kana tisiri, pane mumwe munhu munyika nhasi ari chikamu cheMutumbi waKristu; uye Unorarama bedzi neShoko raMwari, Shoko rose rinobva mumuromo maMwari muzera rino ratiri kurarama mariri zvino.

¹⁸⁵ Uye handisi kuona apo sangano... MaShoko ayo akanyatsojeka muBhaibheri, akati zvaizoitika, uye nezvinhu zvaizovapo, uye zvino pano tiri kurarama chaimo mazviri zvino. Handione pazvingava chimwe chinhu kunze kweizvozvi.

¹⁸⁶ Kereke, ndinocherechedza kuti ndinofanira kumira nemi muKutongwa rimwe zuva. Zvisambofa zvakaitika kuti ndikutaurirei chinhu chisiri icho, kuitira mukurumbira. Handidi izvozvo. Dai ndaiva nekuda kwangu, zvandaiita, chido changu semunhu, ndaitora pfuti yangu ndoenda musango ndozvivakira kadumba, ndoteya, hupenyu hwangu hwise. Ndave kuchembera, kuneta, kurukutika, nokurwara, asi handikwanise kurega. Pane chimwe chinhu chiri mandiri, chiri kukuya. Nhamo kwandiri kana ndikasataura Chokwadi uye Chokwadi chizere. Nhamo kwandiri kana ndikasamira pano kusvikira mweya wangu wokupedzisira wabuda mandiri. Ndinofanira kumira, zvisinei nezvinotaurwa nemumwe munhu. Ndiye mungava pamberi paMwari.

¹⁸⁷ Uye ndinotenda zvechokwadi kuti zvinhu zvatiri kuparidza iChokwadi. Kwete nokuda kwekuti ndini ndiri kuzviparidza. Kwete, hama yangu. Kwete, changamire. Mwari vanoziwa moyo wangu. Ndingadawo zvakadini kugara muungano ndoteerera kumuzodziwa achiparidza. Zvingava nyore zvakadini kwandiri, zvirokwazvo nokuti ndinenge ndiine Hupenyu Husingaperi semurume anenge ari mupurupiti. Ndiri chikamu chaHwo zvimwe chete sezvaariwo. Ndinoenda Kudenga rimwe chete, ndichiwana mikana yakafanana. Zvingava nyore sei kwandiri kugara kunze uko uye ndorega kuwana kumaranzurwa kwese uku, nokurohwa, nokuenderera mberi. Zvingava nyore zvakadini, pane kunge uri kunze usiku hwese usina kurara, awa imwe nechidimbu, kana maawa maviri; uchiita mutsimba usiku hwese nezvinhu zvinenge zvasimuka. Zvingava nyore kwandiri kudaro, kutora pfuti yangu mangwanani anotevera, chirauro changu, zvino ndoenda kunoraura kana kunovhima! Zvingava nyore zvakadini! Hama, mutoro wakauya kwandiri. Dai Mwari vakandibatsira kuti ndisambofa ndakasiya basa rangu, asi ndimire ndakatendeka muchokwadi, ndigokuunzirai Sefa yemunhu anofunga inokupai kuravira kwemunhu mutsvene.

¹⁸⁸ Sefa yemunhu anofunga ndidzo mvura, dzemvura dzepatsanuro. Ndedzekucheneswa kubva kuchivi, rinova Shoko raMwari. Zvino munhu anofunga, munhu anoziva kuti anofanira kuzomira pamberi paMwari, anoziva kuti anofanira kuzopindurira Shoko rose remuBhaibheri, Richagutsa kuravira kuri mumoyo mako. Dai Mwari vatibatsira kuRigamuchira, patiri kukotamisa misoro yedu.

¹⁸⁹ Mwari vanodikanwa, imwezve awa kana maviri apfuura. Wachi yatenderera zvino. Mharidzo zvino yave kupinda munhoroondo, uye Yarekodhwa muBhuku. Tose tichatofanirwa kupindurira izvi, kufamba kwese kwatakaita, shoko rose ratakataura, pfungwa yose yakadarika nemundangariro yedu, rekodhi ichiri kurira. Uye icharamba ichirira kusvikira upenyu hwapera, zvino tozopindura neZuva reKutongwa.

¹⁹⁰ O Mwari, Musiki mukuru wematenga nenyika, uYo watinotenda, ndinonamatira vanhu ava vanhasi. Ndinozvinamatira pamwe navo, kuti Ishe Jesu, kuti Muchabata Sefa yeNyu. Uye kana ndiri kutaura chimwe chinhu ndichimhura, Ishe, ini...mumoyo mangu handizvizive. Ndinonamata kuti kana zvakaipa kuti nditore Shoko reNyu zvino ndoshandisa chinhu chakadaro, iMi ndiregerereiwu nokuda kwazvo.

¹⁹¹ Asi, Ishe, ndafunga paMakataura neni paya musango, Munoziva panguva dzemangwanani, zvakangoitika kuti handina kukwanisa kuzvibvisa mupfungwa dzangu. Ndakazvigamuchira sezvaibva kwaMuri. Saka, Mwari Baba, ndatozvitaura kare. Uye ndinonamata, Mwari, kuti Muchaziita kuti zvive mugwara randakafunga kuti zvive, kuti munhu anofunga, munhu kana ari

anofunga zvachose, anoziva kuti achazofanira kumira muHupo hwaMwari, uye haazoisa mumunhu wake wemukati chero chinhu hacho chinovibisa kana chinopesana neShoko raMwari.

¹⁹² Uye, Baba, tinocherechedza kuti, sokuenzanisa kwandaita nemasangano anhasi; kwete kuve ndakasiyana, Ishe. Muchanditonga, rimwe zuva, kubva pamoyo wangu. Uye ndinonamata, Mwari, kuti Mugoona kuti zvanga zvisiri zvokuti ndinge ndakasiyana, asi zvanga zviri zvokuti ndinge ndakatendeka, kuedza kuperera, ndichicherechedza kuti ndakabata zvakatengwa neRopa reNyu, kubva kumahombekombe egungwa kuenda kune mamwe mahombekombe egungwa, iye zvino, muruwoko rwangu. Uye vakawanda vavo vatenda Umboo.

¹⁹³ Uye, Mwari weKudenga, dai pakasava nemumwe wavo anorasika. Ndinovakumbira, vose, uye ndobata pamberi pavo Sefa kubva kuchivi, Mvura dzepatsanuro, Ropa raJesu Kristu, Shoko rakaitwa nyama. Zviitei, Ishe. Uye dai Mweya Mutsvene wadurura vimbiso dzose, muvanhu vedu vemukati. Uye dai tava vamiririri vanorarama veMwenga waJesu Kristu, munguva yemaziso, yekuona muChiedza chamadekwana, nokuti tazvipa kwaMuri nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

¹⁹⁴ Munomuda? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Munoritenda? [“Amenii.”] Ini, kana ndataura zvisiri izvo, nokutaura kuti, “sefa yemunhu anofunga,” handichakwanisa kutaura zvimwezve. Handina dzidzo. Ndinongotaura zvinouya kwandiri. Zvino pandakaiona yakarara ipapo, ndakafunga, “Maitiro akadini ehunyengeri!”

Zvino chimwe Chinhu chikati, “Sezvakanogita kereke.”

¹⁹⁵ Sefa yemunhu anofunga! O, ini zvangu! Pane zvinodarika izvozvopazviri. Munhu anofunga haatomboishandisa zvachose. Maona? Kwete zvachose. Uye inoda kuravira kwemunhu anoputa, ndizvozvopachizvo, nokuti anofanira kuva nayo kuti agutse kuravira kwake. Asi munhu chaiye, anofunga anoziva kuti munhu wake wemukati uri kuenda kunoTongwa, achasefa kuravira kwake nemuShoko raMwari. “Nokuti vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Uye achararama neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari, dzinova idzo Mvura dzepatsanuro dzinotipatsanura kubva kuchivi. Nokuti, chikapfuura nemuShoko, tinoona kuti chivi kusaRitenda, saka tinongoRitenda tichienda mberi. Kupatsanurwa kubva kuchivi. Munomuda here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.]

NdinoMuda, ndinoda . . .

Ngatingosimudzai mawoko edu zvino kwaAri.

Nokuti Akatanga kundida
Akatanga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁹⁶ Akati kudini? “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muchida, muine rudo mumwe kune mumwe.” Iye zvino ngatigwinhe ruwoko rwemumwe munhu patiri kurwuimba zvakare, zvino woti, “Ndinokudawo, zvakare, hama.”

NdinoMuda, ndi... (Izvi ndezvekukuzivisai
kuti...)
... Akatanga kundida
Akatenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁹⁷ Zvino, unofarira here Sefa yemunhu anofunga? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Paunoenda mumugwagwa kunogunzvana mawoko nyenika mangwana, hama, hanzvadzi, une Sefa yemunhu anofunga here? Kana murume uya paanokuti muumburuki-mutsvene, unoshandisa here Sefa yemunhu anofunga? Kana mumwe munhu uya akashandisa mashoko akaipa achipesana newe, une Sefa yemunhu anofunga here? Munoono, ita chakanaka kutsiva chakaipa. Namatira avo vanokushandisa zvisina kunaka, neavo vanokutambudza, zvadaro wave kufema nemuSefa yemunhu anofunga.

¹⁹⁸ Nokuti kana uchingoda avo vanokuda, sokugwinhana chishanu kwataita, sevadikanwi munaShe, izvozvo zvakanaka, asi unokwanisawo here kuda avo vasingadike? Ndiyo Sefa yemunhu anofunga. Ndiwo Mweya waKristu mauri, kuda avo vasingakude, zvino unowana mubairo waMwari. Asi, zvino, kana ukazviita nokuti unofanira kuzviita, nazvino hausati wava nemunhu anofunga... Unongori bedzi muchikamu chechipiri. Asi zvikabva pamoyo pako kuti unonyatsomuda, zvadaro uri kufema nemuSefa yemunhu anofunga. Uye Inogutsa kuravira kwemunhu mutsvene, zvaunoziva, kubva pamoyo pako unoregerera munhu wese, zvinhu zvose, zvisinei kuti chii chaitika. HaAashamise here?

...kutanga kundida
Akatenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Tichafamba muChiedza, iCho Chiedza
chakanaka,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chipenye kwese kwakatipoteredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

Tichafamba muChiedza chino, iCho Chiedza
chakaisvonaka;
Uye Chinouya apo madonhwe akasefwa edova
retsitsi akajeka;

O, chipenye kwese kwakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

Uyai, imi mose vatsvene veChiedza, taurai,
Jesu, Chiedza chenyika;
Zvino mabhero eKudenga acharira,
Jesu, Chiedza chenyika.

O, tichafamba muChiedza, iCho Chiedza
chakaisvonaka;
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
O, chipenye kwese kwakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

Munozvida izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

O, tichafamba muChiedza ichi, iCho Chiedza
chakaisvonaka;
Uye Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chipenye kwese kwakatipoterredza masikati
neusiku,
NdiJesu, Chiedza chenyika.

Ndinongozvida izvozvo!

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
O Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzweiwo pandiri kunamata,
Bvisai zvole zvivi zvangu... (Ndisefei, Ishe,
nemuShoko.)
O ndiregei kubva nhasi
Ndive weNyu zvachose!

Chingozvifunga, wakasefwa nemuShoko, “weNyu
zvachose.”

Apo muninga ine rima yeupenyu ndofamba,
Uye kusuwa kwondimomotera,
Chivai Imi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rishanduke kuva chiedza,
Pukutai mityutyu yekusuwa ibve,
Kana kundirega ndichitetereka
Kubva padivi reNyu.

[Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *Kutenda
Kwangu Kunotarisa KwaUri*—Mupepeti.]

...kumoyo wangu uri kurukutika,
 Shungu dzangu dzifemerei;
 O rairai rima rishanduke kuva chiedza,
 Uye pukutai misodzi yekusuwa ibve,
 O ndiregei kubva nhasi
 Ndive weNyu zvachose!

¹⁹⁹ Mwari Vanodikana, tinoda kuKuimbirai, nokuti ipapo tinoratidza manzwiro edu, neshungu dzedu, unganano yose, apo Muri kufemera patiri Shoko reUpenyu. Tinotenda zvikuru, Ishe. Uye chimbo ichocho, tigamuchirei, haMungazviiti here, Ishe? Ndicho chishuwo chedu, kusefwa nemuShoko raMwari, nokufamba zuva roga-roga muChiedza, Chiedza cheEvhangeri.

Uye zadzai nzira yedu zuva nezuva nerudo,
 Patiri kufamba neNjiva yeKudenga;
 Regai tiende nguva dzose, nechimbo
 nokunyemwerera,
 Zadzai nzira yedu zuva nezuva nerudo.

²⁰⁰ Zviitei, Ishe. Tiropafadzei pamwe chete zvino. Itai kuti nyasha netsitsi dzeNyu zvine nesu. Podzai vanorwara nevanotambudzwa munyika yose.

²⁰¹ TinoKutendai nokuda kweHama Coggins manheru ano, avo Vamaita kuti vabude muchipatara, vaende kumba vapora. Maita heNyu nokuda kwezvinhu zvose zvaMaita, nesimba redu pachedu patiri kunzwa kusumudzirwa zvino.

²⁰² TinoKutendai nokuda kweMharidzo duku yadimburwa manheru ano, Ishe. Ini—ini handina kuzviita zvakanaka, asi ndinonamata, Ishe, kuti Muchazvigadzirisa mumeso evanhu, kuti vazoona nokuziva zvayanga ichireva. Wanai mbiri kubva pazviri, Ishe, uye dai tikava nekunzwisisa uku, kana pasina zvimwezve, kuti tinofanira kurarama neChingwa cheShoko raMwari, rakasefwa kubva kunaMwari kuitira vana vaVo bedzi. Iunganano yakapatsanurwa. Haisi yevamwewo. Ndeye avo bedzi, vasanangurwa veNyu, semvura dzepatsanuro dzetsiru dzvuku dzaive dzeunganano yeIsraeri bedzi. Saka, Baba, tinoziva kuti Chingwa ndecheMakwai bedzi.

“Hazvina kufanira kuti nditore chingwa chevana ndochikandira kuimbwa,” Jesu akadaro.

Zvino mudzimai, mukupindura, akati, “Hongu, Ishe, ichokwadi, asi ndinotoda hangu kutora mafufu.”

Uye tinonzwa zvakadaro manheru ano, Ishe. Tinoda zvose zvaMunogona kutipa, Baba, nokuti tine nzara nenyota yokuda iMi zvakawedzerwa.

²⁰³ Itai kuti nzara dzedu dzigutswe uye zvishuwo zvedu zvigozivikanwa, nokuti, Baba, tinoda kuva nechishuwo chemunhu wakarurama. Zvino Munhu wakarurama aive Jesu Kristu, uye chishuwo chaKe chaive kuita kuda kwaBaba, kwaive

Shoko. Zviitei kwatiri, Baba. Tazvikumbira nemuZita raKe. Amen.

Ngatisimukei iye zvino tichiimba chimbo chedu chekuparadzana, chekuti, *Tora Zita RaJesu Pamwe Newe*.

²⁰⁴ Kunzvimbo dziri kunze zvino, uko kwaenda Mharidzo manheru ano, Mwari ngaave nemi patiri kuparadzana nemunamato. Dai mumwe nomumwe wenyu, kunze uko, ndine tariro yekuti mafadzwa nokuteerera sezvandaitwa mukuLunza kwamuri. Uye ndinovimba kuti Mwari vachalisa mumoyo yenyu uye nokukupai dudziro yayo chaiyo.

²⁰⁵ Zvino imi vanhu pano vari muungano vane mahengechepfu aya akaradzikwa pano, ndaisa mawoko pamusoro pawo. Ndinonamata kuti Mwari vagopodza mumwe nomumwe wenyu, hapazombova nevanhu vanorwara pakati pedu, mugoona kuti Mwari vedu vanopindura munamato zvakadini.

²⁰⁶ Kana tichinge taungana pamwe chete, “Vanhu vanodanwa neZita raNgu vakaungana pamwe chete vakanamata, zvino Ndichanzwa kubva Kudenga.” Vakavimbisa kuzviita.

²⁰⁷ Saka, hatina kupatsanurwa. Tingori Munhu mumwe chete; tose tiri vamwe, muna Kristu Jesu. Uye mumwe achinamatirawo mumwe; ndinamatirei apo ini ndichikunamatiraiwo. Uye Mwari vakuropafadzei kusvikira takuonai zvakare.

²⁰⁸ Ndinovimba kuti muchaenderera... imi munogara pedyo kuno, muchauya kutabhenakeri moshanyira mufudzi wedu akanaka, Hama Neville. Anokuitirai zvakanaka, Hama Mann nevanhu vakanaka vavainavo pano mutabhenakeri.

²⁰⁹ Kana uri pedyo naHama Junior Jackson kana nevamwe vose munyika yose, New York nedzimwe nzvimbo dzakasiyana kwavane misangano yavo, kwakapoteredza nemuArizona neCalifornia, shanyirai makereke iwayo kana uri kunze ikoko. Tinonamata kuti mugodzoka zvakare uye mugorega mufudzi azokubatsirai kuti mugoziva zvimwezve pamusoro paIshe Jesu.

²¹⁰ Mwari vakuropafadzei zvino patiri kuimba *Tora Zita RaJesu Pamwe Newe*.

... Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwa nedambudzo;
Iro mufaro nekunyaradzwa richakupa,

(Uchadini...? Achakuisa pane...?...)

...unoenda.

Zita rakakosha (Zita rakakosha), O rinotapira!

(O rinotapira!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Zita rakakosha, O rinotapira!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

²¹¹ Ndakatarisa paungano manheru ano, ndiri kuona Hama Estle Beeler kumashure uko, Hama Palmer, nevakawanda, Hama J. T., nevashumiri vakawanda vakamira kwese kuno, handikwanise kudoma mazita avo vose. Ndinoshuva kuti dai ndaigona kuva nemi, mumwe nomumwe, kumusoro kuno, uye mose mosunungura ungoro kana kuita chimwe chinhu. Munonzwisisa, handiti? Ndinoziva kuti mune moyo weChikristu uye munoziva kuti tinofanira . . . izvo isu—izvo isu zvatiri; tose pamwe tiri Munhu mumwe chete, muna Kristu Jesu.

²¹² Zvino ngatirangarirei ndima inotevera patiri kuiimba, apo Hama Martin vedu pano vachitiparadzanisa nemunamato. Uye ndinoda . . . Ava ndiHama Earl Martin vanobva, ndinotenda, kuArkansas kana—kana Missouri. [Hama Earl Martin vanoti, “Missouri.”—Mupepeti.] Missouri, chaipo paArkansas, pamuganhu weMissouri ipapo. Vane kereke zasi ikoko.

²¹³ Uye ndacherechedza imwe hama iyi inobva zasi ikoko, handisi kurangarira zita ravo, Brewer. Vanga vari pano mangwanani ano. Ndinofungidzira kuti vachiri pano manheru ano. Hongu, ndiri kuvaona vakamira nechekuno uku, Hama Brewer. Ndakavimbisa kupfuura naikoko kuzokumikidza machechi avo, kakawanda. Ndichasvikako rimwe zuva, Ishe vachindibatsira, ndikakwanisa.

Zvino, patiri kuimba ndima inotevera zvino.

PaZita raJesu tichigwadama, Tozvambarara patsoka dzaKe, Mambo wamadzimambo tichaMugadza korona, Kana rwendo rwedu rwapera.	Kudenga
--	---------

Ngatichiimbei zvino.

PaZita raJesu tichigwadama, Tozvambarara patsoka dzaKe, Mambo wamadzimambo tichaMugadza korona, Kana rwendo rwedu rwapera.	Kudenga
--	---------

Zita rakakosha (Zita rakakosha), O rinotapira!
(O rinotapira!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

O, tora Zita raJesu pamwe newe,
Senhowo kubva kumiteyo yose; (teerera! zvino)
O, kana miyedzo yakupoterredza, (chi
chaunofanira kuita?)
Chingofema Zita iri dzvene mumunamato.

Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Ngatikotamisei misoro yedu.

O Zita rakakosha, O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha (kubhabhatidzwa maRiri;
kunamata uri maRiri), O rinotapira!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Hama Martin. [Hama Martin vanonamata—Mupepeti.]



SEFA YEMUNHU ANOFUNGA SHO65-0822E
(A Thinking Man's Filter)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 22 Nyamavhuvhu, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org